**O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

***Qol jazba huqıqında***

**Kamalov Odilbek Radjapbaevich**

# «Qayqavustın` Qabusnama shıg`armasında a`dep-ikramlıq ma`seleleri»

5A111601 – Ruwxıylıq tiykarları

**Magistr**
**akademik da`rejesin alıw ushın jazılg`an dissertatsiya**

**İlimiy basshı:** **akademik J. Bazarbaev**

**Kafedra baslıg'ı:** **akademik J. Bazarbaev**

**No`kis – 2013**

**«Qayqavustın` Qabusnama shıg`armasında a`dep-ikramlıq ma`seleleri»**

**Joba:**


**Kirisiw**

**I-Bap. Qayqawıs jasag`an da`wir ha`m ol zamandag`ı a`debiyat**

1. Parsı ta`jik a`debiyatlarının` u`lgileri
2. X-XV a`sirlerdegi ilim ha`m pa`nnin` rawajı
3. Qayqawıstın` Qabusnama shıg`armasının` jazılıwı

**II-Bap. Qabusnamada a`dep-ikramlıq haqqında oylar**

1. Qabusnamadag`ı jaqsı so`zdin` a`hmiyeti haqqındag`ı pikirler
2. Qabusnamadag`ı qanaat ma`selesi
3. Qabusnamadag`ı ta`wbe ha`m qızg`anshaqlıq haqqında
4. Qabusnamadag`ı aqıl ha`m ilimnin` za`ru`rligi haqqında
5. Qabusnamadag`ı saxıylıq ha`m ma`rtlik haqqında oylar
6. Qabusnamadag`ı miymandoslıq ma`selesi
7. Qabusnamadag`ı miynettin` roli haqqında
8. Qabusnamadag`ı deneni taza uslaw ma`selesi

**III-Bap. Qabusnamada a`deplilik ma`selelerinin` ha`zirgi da`wir ushın a`hmiyeti**

1. Qabusnamadag`ı ruwxıy - a`deplilik ma`selelerinin` tiykarg`ı bag`darları
2. Qabusnama ma`nawiyatlı mu`na`sibet g`a`ziynesi

III. Juwmaqlaw

IV. Paydalanılg`an a`debiyatlar

## Kirisiw

A`yyemgi Ku`nshıgıs pu`tkil du`n`ya ma`deniyatının` besiginin` biri bolg`anı ushında bul a`debiyattan na`r alıwga talpınbag`an birde-bir eldi ushratıw qıyın. Sebebi Ku`nshıg`ıs erte da`wirdegi ma`deniyattın` teren` to`rkinlerinin` biri bolıp qaladı.

Bul jerdegi ma`deniyat ha`tte Gretsiya menen Rimge qarag`anda da a`dewir burın rawajlang`an. A`yyemgi Assiriya, Vaviloniya, Tigr ham Efrat da`r`yasının` aralıg`ı, eski Shumerler ma`deniyatı bul haqqında bizge teren` sır shertedi. Erte da`wirdegi Mısır piramidaları «Gil`gamesh», «Ko`rmegeni joq adam haqqında an`ız», hindlerdin` «Mahabxarata» ha`m «Rumiyana» da`stanları du`n`yadag`ı en` birinshi a`debiy estelikler bolg`anlıg`ına daw joq. Solay bolsada shıg`ıstag`ı shegine jetken jırtqıshlıq bul ma`deniyat to`rkinlerin a`bden qıyrattı.

Ku`nshıg`ıstın` bunnan keyingi ma`deniy esteliklerinin` o`zi de az emes. Olar arab, parsı ha`m tu`rki tilinde rawajlang`an ha`m Ku`nshıg`ıs klassikleri – dep atalg`an u`lken shayırlar toparın payda etti.

A`lbette Ku`nshıg`ıs tu`sinigi ko`p g`ana ellerdi o`z ishine aladı. Bul ma`deniyatqa Qıtay, Yaponiya, Koreya ha`m Afrika elleri de ko`p u`les qosqan. Solayda Shıg`ısta o`z u`stemligin ko`rsete alg`an u`sh tildegi a`debiyat arab, parsı ha`m tu`rk tilindegi ma`deniyat olardın` ko`pshiligin o`z tillerine awdarıp ja`mlestiripte u`lgerdi. Jazba dereklerdin` ko`pshiligi usı u`sh tilde saqlanadı. A`sirese arab parsı tilindegi a`debiyat Hind ha`m Qıtay dereklerin o`z a`tirapına ko`p ja`mledi. Sol tiykarda «Shıg`ıs a`debiyatı»- dep atalg`an ug`ım payda bola basladı. Bul a`debiyattı shegine jetkize alg`an parsılar X-XV a`sirlerde ha`tte Shıg`ıs oyanıw da`wirine tiykar sala basladı.

Shıg`ıs ellerinin` a`debiyatı burınnan-aq u`lken ko`rkem da`stu`rlerge bay, ha`r ta`repleme jetilisken sheber shayırlardı ta`rbiyalap shıg`arg`an a`debiyatlardın` biri. Tarıyxshılardın` bergen mag`lıwmatlarına qarag`anda bul ma`deniyat estelikleri ha`tte bizin` eramızdan burıng`ı da`wirlerden baslap

rawajlang`an. Ju`da` erte zamanlarda salıng`an, adamnın` aqılına ug`ras kelmeytugın arxitektura jivopis` estelikleri, kalligrafiya o`neri ha`zirgi ku`nde de ko`p ilimpazlardın` dıqqat orayın o`zine tartpaqta. «Orta a`sirdegi Ku`nshıg`ıs ha`zirgi da`wirde de ko`p g`ana ilimpazlardın` dıqqatın o`zine awdarmata»,-dep jazılg`an edi. «Orta a`sirdegi Ku`nshıgıs» - dep atalg`an miynette. A`sirlerden a`sirlerge qalg`an bul bay miyras, ha`zirgi ku`nshıg`ıs xalıqlarının` ma`deniy rawajlanıwının` jolların izlewde og`ada bahalı baslama bolıp esaplanadı. Onın` tariyxın ha`m ma`deniyatın izertlew de bizde birneshe ilim orınları menen institutlar izertlew jumısların alıp barmaqta.

Erte da`wirdegi shıg`ıs shayırları, sonın` ishinde orta a`sirdegi parsı ha`m tu`rk tilles xalıqlar poeziyası Abu Abdulla Rudakiy, A`bilqasım Firdausiy, Nasır Xısraw, Omar Hayyam, Nizami, Ganjaviy, Saadiy Sheraziy, Xafız Sheraziy, Xısraw Dexleviy, A`bdiraxman Jamiy, A`lisher Nawayı, Muhammed Fizuliy, A`bdiqadir Bedil qaraqalpaq klassiklerinin` hammesinin` de ustazları bolıp esaplang`an.

Bul tariyxta shıg`ıs oyanıw da`wiri dep te ataladı. Du`n`yanın` ko`pshilik danıshpan shayırları bul talantlı so`z ustalarının` sheberligin hu`rmet penen tilge aladı. Egerde qaraqalpaq mektep, medreselerinde usı danıshpan shayırlardın` shıg`armalarının` sabaqlıq sıpatında oqıtılıwın esapqa alsaq, olardın` ustazlıq jolının` teren`ligi ja`ne de ayqınlanıp baradı.

Biz «Shıg`ıs xalıqları a`debiyatı» degenimizde, shıg`ısta jasaytug`ın ko`p g`ana xalıqlardın` a`debiyatın tu`siniwimiz turg`an ga`p. Biraqta qaraqalpaqlar revolyutsiyadan buran shıg`ıstın` ha`mme xalıqları menen de teren` ma`deniy qatnasıqta bolg`an emes. Ko`binshe tu`rk tilles xalıqlar o`zbek, a`zerbayjan, qazaq, tu`rkmen, qırg`ız xalıqları menen bekkem a`debiy baylınısqa tu`sken. Xalıqtın` oqımıslı bo`legi arab ha`m parsı-ta`jik poeziyasın o`zlestirgen.

VIII-XV a`sirdegi arab, parsı ha`m tu`rk tilindegi a`debiyat joqarı shın`g`a ko`terilgeni ushında, bul da`wirdin` ko`rnekli wa`killerin «Shıg`ıs klassikleri» - dep atawshılıq ta bar. Usınday da`stu`rdi tu`rki tilinde dawam etiwshiler A`lisher Nawayı, Muhammed Fizuliy ha`m Maqtumqulılar da Ku`nshıg`ıs

klassiklarinen esaplanadi. Bulardan aldın`g`ılardın` ko`pshiligi o`z shıg`armaların parsı tilinde jazg`anı sebepli, tek iranlılar emes, ba`lki basqa ayırım xalıqlar a`debiyatının` wa`killerinde o`z ishine alg`an. Mısalı: Xısraw Dehlevey-hind, Nizamiy Ganjaviy-azerbayjan. A`lisher Nawayı - o`zbek, Muhammed Fizuliy –azerbayjan ha`m tag`ı basqalar. Sonın` ushında «Shıg`ıs klassikleri» degen termindi qollanıwda arab, parsı ha`m tu`rk tilles klassik shayırlardı na`zerde tuttıq.

**Temanın` aktuallıg`ı.** Bazar qatnasıqlarına o`tiw protsessinde ma`mleketimizde huqıqıy demokratiyalıq, puqaralıq ja`miyetin qurıwdı uzaq mu`ddetli strategiyalıq wazıypa etip alg`an ekenbiz, jurtbasshımız İslam Karimov aytıp o`tkenindey, bul maqsetler: «….zamanago`y rawajlang`an demokratiyalıq ma`mleketler qatarına kiriw, ekonomikamızdın` turaqlı o`siwin ta`miynlew, turmıs sıpatın jaqsılaw ha`m du`n`ya ja`miyetshiliginde mu`na`sip orın iyelew»[1]den ibarat bolıp tabıladı. G`a`rezsizlik sharapatı menen xalıqımızdın` milliy ha`m ma`nawiy ma`deniyatı rawajlanıwına jol ashılıp, umıtılg`an u`rp-a`det, da`stu`rlerimizdi, diniy qa`diriyatlarımızdı qayta tiklewge muwapıq boldıq. Bag`ının`qılıq da`wirinde kemsitilgen, ha`tteki, sheklengen shıg`ıslıq, xalıqımızg`a ta`n qatnasıqlar mazmunın bayıtıp kelgen milliy da`stu`rler, islam qa`diriyatları xalıqımız turmıs ta`rizi, ma`nawiy ma`denyatınan mu`na`sip orın alıp, olardan ha`r bir adam emin-erkin paydalanıw huqıqına iye boldı.

A`dep-ikramlılıq a`zelden insan ma`nawiyatının` quram bo`legi sıpatında adamzattın` joqarı ideallarıń o`zinde ja`mlegen. A`sirese, O`zbekstan g`a`rezsizlikke eriskennen baslap diyarımızdın` haqıyqıy tariyxı, ma`nawiy tiykarları ha`m oyshıllarımızdın` bay miyrasın ilimiy izertlew, dereklerge qalıs tu`rde jantasıw hu`kimetimiz ta`repinen a`melge asırıp atırg`an ma`mleket siyasatın quramaqta. Bunı Prezidentimiz İ.A.Karimovtın`: «Xalıqtın` ma`deniy qa`diriyatları, ma`nawiy miyrası mın` jıllar dawamında Shıg`ıs xalıqları ushın

[1] Karimov İ.A. Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi: Wzbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining qwshma majlisidagi ma`ruza. 2010 yil 12 noyabr` / İ.Karimov. – Toshkent: Wzbekiston, 2010. –B. 3.

qu`diretli ma`nawiyat deregi bolıp xızmet etken. Uzaq waqıt dawam etken qattı ideologiyalıq zug`ımg`a qaramay, O`zbekstan xalıqı a`wladtan-a`wladqa o`tip kelgen o`z tariyxıy ha`m ma`deniy qa`diriyatların ha`mde o`zine ta`n da`stu`rlerin saqlap qalıwg`a muwapıq bolg`an»[1], – degen so`zleri ja`ne bir ma`rte tastıyıqlaydı.

Mine usınday ma`nawiy miyraslarımızdın` biri Qayqavustın` «Qabusnama» shıg`armasının` ayrıqsha a`hmiyetin ashıp beriw arqalı, biz bu`gingi ku`nde ma`nawiy jetik insandı ta`rbiyalawda za`ru`r bolatug`ın ko`rsetpelerdi men`gere alamız.

**İzertlewdin` maqseti.** Dissertatsiya jumısımızda to`mendegilerdi maqset etip qoydıq:

Milliy ma`nawiy miyrasımızda «Qabusnama» shıg`armasının` tutqan ornın ashıp beriw;

- Qayqavustın` ma`nawiy jetik insandı ta`rbiyalaw haqqındag`ı ko`z-qarasların u`yrenip shıg`ıw;
- Oyshıldın` Shıg`ıslıq a`dep-ikramlılıq kodeksin jaratıwdag`ı qosqan u`lesin ashıp beriw ha`m jaslarımızdı joqarı ma`nawiyatlılıqtı qa`liplestiriwde a`hmiyetin atap ko`rsetiw.

**İzertlewdin` wazıypaları.** Bul maqsetlerden kelip shıg`ıp, o`z aldımızg`a to`mendegi wazıypalardı qoydıq:

- «Qabusnama» shıg`armasının` payda bolıw tariyxın u`yreniw;
- Qayqavustın` o`miri ha`m do`retiwshilik iskerligi haqqındag`ı mag`lıwmatlardı ta`rtipke salıp u`yreniw;
- Qayqavustın` a`dep-ikramlılıqqa baylanıslı pikirlerine baha beriw;
- «Qabusnama»dag`ı u`git-na`siyatlardı tema ko`lemi ko`z-qarasınan analizlew;

[1] Karimov İ.A. Din odamzodni hech qachon yomon ywlga boshlamaydi // İslom ziyosi wzbegim siymosida. – T.: Toshkent islom universiteti, 2005. – B. 524.

- O`zbekstanda huqıqıy demokratiyalıq ha`m puqaralıq ja`miyetin qurıwda Qabusnama sıyaqlı miyraslarımızdan unamlı paydalanıw usılları, jolların izertlewden ibarat.

**Mashqalanın` u`yreniliw da`rejesi.** Bul tema boyınsha Qaraqalpaqstan sharayatında derlik izertlew jumısları alıp barılmag`an. 1860-jılı «Qabusnama»nı o`zbek tiline birinshi ma`rte ullı o`zbek shayırı ha`m oyshılı Muhammad Rizo Ogahiy (1809-1874) awdaradı. Bul shıg`armanı f.i.k. S. Dolimov[1] 1986-jılı baspag`a tayarlaydı. Bul baspadan shıqqan kitapta bir neshe bapları kiritilmegen, sebebi sol da`wirdin` ideologiyalıq qısımı bug`an jol qoymas edi. G`a`rezsizligimizdi qolg`a kiritkenimizden son` bul qayırlı isti onın` ulı U. Dolimov[2] dawam ettirip, shıg`armanı tolıq 44 bapta 2011-jılı baspadan shıg`aradı.

Qaraqalpaqstanda dotsent İsmaylov Q. Qabusnamanı 1987 jılı qaraqalpaqshag`a tarjiyma qıldı.

Qaraqalpaqstanlı jergilikli alımlardan akademik J. Bazarbaev[3] «Qabusnama» shıg`armasın o`zinin` bir neshe miynetlerinde izertlep, teren`nen analizlep paydalang`an.

**İzertlew ob`ekti** – Qayqavustın` ibn İskanderdin` o`miri, do`retiwshiligi, ilimiy miyrası ha`m onın` «Qabusnama» shıg`arması.

**İzertlew predmeti** – «Qabusnama» shıg`armasının` bu`gingi ma`nawiy jetik shaxslardı ta`rbiyalawdag`ı a`hmiyeti.

**Jumısımızdın` metodologiyalıq ha`m teoriyalıq tiykarları** sıpatında O`zbekstan Respublikası Prezidenti İ. Karimovtın` ma`nawiyat haqqındag`ı bayanatları ha`m shıg`ıp so`ylewleri, Shıg`ıs oyshıllarının` a`dep-ikramlılıq haqqındag`ı pikirleri esaplanadı.

**Jumıstın` ilimiy jan`alıg`ı**, bul tema boyınsha usı ku`nge shekem derlik ilimiy jumıs alıp barılmag`anlıg`ı, ha`mde Qaraqalpaqstan sharayatında birinshi ma`rte izertleniwi.

---

[1] Dolimov S. Kaykavus «Kabusnoma». T.: «Wqituvchi». 1986y.
[2] Dolimov U. Kaykavus «Kabusnoma». T.: «Wqituvchi». 2011y.
[3] Bazarbaev J. , Dawletova Q. A`deptanıw. -No`kis, 1994 ; Bazarbaev J. Ruwxıylıg`ımız ma`seleleri. -No`kis, NMPİ 2000; Bazarbaev J. A`dep filosofiyası. -No`kis, 2010

**Jumıstın` teoriyalıq ha`m praktikalıq a`hmiyeti** sonda dissertatsiya joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında ma`nawiyat tiykarları, etika, estetika, pedagogika pa`nleri ushın qosımsha material sıpatında qollanılıwı ha`m milliy a`dep-ikramlıktı u`gitlew ha`m na`siyatlaw ushın ja`rdemshi material bolıwı mu`mkin.

**Jumıstın` du`zilisi.** Jumıs kirisiw, u`sh bap, juwmaqlaw ha`m paydalanılg`an a`debiyatlardan turadı.

# I-Bap. Qayqawıs jasag`an da`wir ha`m ol zamandag`ı a`debiyat

## 1. Parsı ta`jik a`debiyatlarının` u`lgileri

Parsı tili ha`m a`debiyatı Shıg`ısta en` rawajlang`an til ha`m a`debiyat qatarlarına kiredi. Biz joqarıda so`z etken bizin` eramızdan burıng`ı jazba estelikler «Avesto» ha`m «Xvadaynamak» (Patshanamalar) negizinen parsı-ta`jik tilinin` esteliklerine jatadı. Parsı tilindegi a`debiyat bunnan keyin de u`lken pa`t penen rawajlanadı. A`sirese pu`tkil du`n`ya ma`deniy tariyxında en` a`jayıp kitap A`bilqasım Firdawsiydin` (940-1030) «Shaxnama» kitabı bunın` en` ayqın da`liyli. Ha`tte parsı ta`jik tilindegi a`debiyat X-XV a`sirlerde sonday bir shın`g`a ko`terildi. Alımlar bul da`wirdi «Shıg`ıs oyanıw da`wiri» dep te ataydı. Bul da`wirdegi parsı-ta`jik a`debiyatının` en` o`zine ta`n ta`repi sonda, parsı tili sol da`wirdin` ma`mleketlik tillerinen esaplanıa, du`n`yanın` en` ko`rnekli shıg`armaları usı tilge awdarılg`an.

Orta Aziyada ha`m Qazaqstanda jasawshı ko`p g`ana xalıqlar parsı tilinde jetip kelgen biybaha kitaplar tiykarında ta`lim alg`an. Parsı alımlar grek, hind, qıtay, arab ha`m tu`rk tillerin jaqsı o`zlestirgen. Tu`rki tilinde kitap jazg`an alımlardın` o`zleri de parsı-ta`jik tillerin jetik biletug`ın bolg`an. Sonın` ushında biz X-XV a`sirdegi parsı-ta`jik klassikleri haqqında so`z qozg`awdan aldın sol da`wirdegi ilim ha`m pa`n haqqında da pikir ju`rgiziwdi maqul, - dep taptıq.

### Parsı-ta`jik klassikleri

Orta Aziyadag`ı arablar hu`kimranlıg`ı VII a`sirden baslap X a`sirge shekem dawam etedi. Biz joqarıda so`z etkenimizdey-aq X a`sirge shekemgi esteliklerdan` ko`pshiligi grek ha`m arab tillerinde g`ana saqlanıp qalg`an.

X a`sirden baslap Orta Aziyada Samaniyler ma`mleketi maydang`a keldi. Bul ma`mleket negizinen parsı tilindegi ma`deniyattı quwatlag`an bolıp, onın` shegaraları Orta Aziyanı tolıq o`z ishine alg`an ha`m orayı Buxara qalası bolıwına qaramastan İran, Awg`anstan ha`m Batıs A`zerbayjan jerlerin o`z ishine aladı. Bul da`wirde arab tili ekinshi orında qalıp ketip, onın` ornın parsı

tili iyeleydi. Du`n`yadag`ı ko`p g`ana kitaplar parsı tiline awdarıldı. Burın Buxara, Xorezm xalıqları ushın qanshama ma`deniy oray bolıp esaplang`an bolsa, bul da`wirde de ma`deniy oray xızmetin atqarıwdan keyin qalg`an joq. Ulıwma Orta Aziyanın` tu`rk tilles xalıqları parsı tilin de teren` u`yrene basladı.

Bug`an en` baslı sebep Shıg`ıs ellerindegi parsı tilinin` u`stemligi edi. Bul da`wirdegi parsı tili tek u`stem bolıp qalg`an joq. Ba`lki pu`tkil du`n`ya a`debiyatında u`lken salmaqqa iye bolg`an o`z ma`deniyatı ha`m ilimin payda etti. Tap sol X a`sirdin` o`zinde-aq o`z shıg`armaların parsı tilinde jazg`an A`bu Abdulla Rudakiy, A`bilqasım Ferdawsiy, A`bu-A`li-İbn-Sina sıyaqlı belgili danıshpanlar payda bola basladı. Bular menen birlikte sol da`wirdegi parsı a`debiyatında u`lken iz qaldırg`an Daqiqiy, Unsuriy, Asadiy, Tusiy, Salmon, Savoji, Zamaniy kibi shayırlar o`sip shıqtı.

Son`ınan Omar Hayyam, Saadiy Sheraziy, Hafız Sheraziy, Nasır Xısraw, A`bdiraxman Ja`miy, Mırza Bedil sıyaqlı danıshpanlardın` o`sip shıg`ıwı parsı ta`jik a`debiyatın pu`tkilley ko`klerge ko`terdi. Parsı tilinde tek iranlılar g`ana jazbastan, sonın` men birge o`zlerin hind, tu`rk, a`zerbayjan, o`zbekler arasınan shıqqan ataqlı shayırlarda jazıp ko`pshilikke tanıla basladı. Bulardan XII a`sirde jasag`an a`zerbayjan shayırı Nizamiy Ganjaeviy, XIV a`sirde jasag`an hind shayırı Xısraw Dexleviy o`z shıg`armaların negizinen parsı tilinde jazg`an bolsa, XV a`sirde jasag`an ullı o`zbek shayırı A`liysher Nawayı «Diywanı Faniy» kitabın parsı tilinde jazıp qaldıradı. Usınday sebeplar menen X- XV a`sirlerdegi parsı tilindegi a`debiyat pu`tkil du`n`ya ma`deniyatı tariyxında u`lken iz qaldıradı. Ko`pshilik alımlar bul da`wirdi «Shıg`ıs renessansı» depte ataydı. Bul haqqında belgili shıg`ıs izzertlewshisi E.E.Bertel`s: «X-XV a`sirdegi parsı-ta`jik a`debiyatı pu`tkil du`n`yanı o`z awzına qarattı. Olar o`z a`tirapına ko`p g`ana shıg`ıs shayırların ja`mley alg`anı ushın da «Shıg`ıs klassikleri» - dep jazadı.

Sonın` ushında bul poeziya ten`izinen na`r almag`an ellerdin` o`zi joq. Al qaraqalpaqlar shıg`ıs xalıqlarının` birinen esaplanatug`ın bolg`anı ushın, Xorezm ha`m Buxara menen qon`ısılas jasag`anlıqtanda da olardın` miyrasların ko`birek u`yrenedi. Ferdawsiy, Omar Hayyam, Saadiy, Ja`miy shıg`armaları

tu`rkiy tilindegi awdarmaları tiykarında ko`birek tarqalg`an. Al xoja Xafız benen Mırza Bedil shıg`armaları erte da`wirdegi qaraqalpaq mekteplerinde sabaqlıq sıpatında u`yrenilgen. Burıng`ı mekteplerde «parsı tili» ilim ha`m ma`deniyat tarqatıwshı til- dep esaplang`an. Ko`pshilik tu`rk tilles xalıqlar parsı tilin oqıw da`wirindegi klassiklerdin` shıg`armaların oqıw arqalı u`yrengen. Sonın` ushında olardın` ayırımları «Zullisonayn shayırlar» («Eki til iyesi») - dep ataladı. Bunday ataq ha`tte XVIII- XIX a`sirde jasag`an o`zbek shayırlarının` ko`pshiliginde bar. Karaqalpaq klassigi A`jiniyaz bunday ataqqa iye bolmasa da, sog`an jeteg`aba shayır bolg`anlıg`ı bayqaladı.

## 2. X-XV a`sirlerdegi ilim ha`m pa`nnin` rawajı

Shıg`ıs elleri arasında X a`sirden baslap parsı tilindegi gumanitar ilim ken` rawajlanadı. Bul da`wirde pu`tkil du`n`ya ilimine ma`lim bolıp qalg`an tariyxshı, tilshi, a`debiyatshı ha`m geograf alımlar bar edi. Olardın` arasında A`buba`kir Narshaxiydin` (899-959) 944-jılı jazılıp qalg`an «Buxara tariyxı» kitabı, avtorı belgisiz bolg`an 982-jılı jazılg`an «Hudud al-a`lem» (Shıg`ıstan batısqa shekem ellerdin` shegaraları), Nizamulmultin` 1092-jılı jazıp tamamlang`an «Siyasatnama» 1156-jılı jazılg`an Aruzi Samarqandiydin` «Tan` qalarlıq ha`diyseler», 1050-jılı jazılg`an Gardiziydin` «Tariyxlar bezegi», Nasafiydin` «Samarqand tariyxı» kitapların atap ko`rsetiwge boladı. Bul alımlar negizinen Orta Aziya tariyxı haqqında mag`lıwmatlar bergeni menen de kitaplarının` ko`pshiliginde sol da`wirdegi ko`rkem o`ner, a`debiyat haqqında teren` pikirler bildirgen. Ha`tte olardın` geyparalarının` miyneti a`yyemgi Xorezm xalıqlarının` ma`deniy tariyxı, Aral boyları, u`stirt ma`deniyatı menen de baylanısadı. Al geyparaları bolsa o`z miynetleri Shın`g`ıs xan basqınshılıg`ınan keyingi Orta Aziya ha`m Volga boyı ellerinin` ma`deniy tariyxın ashıp ko`rsetiwge bag`ıshlang`an. Usınday sebepler menen biz parsı-ta`jik tilinde birneshe miynetler jazıp qaldırg`an eki alımnın` do`retpesi menen qısqa bolsa da oqıwshılardı tanıstırıwdı maqul ko`rdik. Bulardan birinshisi XI a`sirde o`tken tariyxshı ha`m filolog Abulfazl Bayxaqiy, ekinshisi XIII a`sirdin` aqırı ha`m XIV a`sirdin` bas gezinde jasag`an ko`rnekli filolog ha`m entsiklopedist alım Rashid-at-din.

Abulfazl Bayxaqiy. Bul hu`rmetli alım 995-jılı Nishapur walayatındag`ı Xarjabad awılında tuwılg`an. Jaslıg`ınan baslap tariyx ha`m filologiya ilimlerin bekkem iyelep 1021-jılı G`aznaviyler ma`mleketinin` sırt eller menen is ju`rgiziwshi ka`tibi sıpatında xızmetke kiredi. Ol wa`zir A`bu Nasır Mishkak basshılıg`ında 19-jıl xızmet etken. Son`ınan diywan baslıg`ı sıpatında tanıla baslaydı. Sultan Ma`sud o`liminen son` 1041-jılları ol saraydan pu`tkilley shetletilgen. 1030-jıllarda Sultan A`bdirashid hu`kimet basına shıqqanan keyin

ol ja`ne o`z jumısına qaytadı. Alım 1077-jılı qaytıs bolg`an. Parsı tilinde jazılıp bizge miyras bolıp qalg`an onın` «Ziynat u`l Kuttab» (Ka`tibler ziyneti), «Tariyxıy Sultan Maxmud» (Sultan Maxmud a`wladının` tariyxı) dep atalg`an belgili miynetleri bar.

A`sirese onın` «Tariyxıy Bayxaq», (Bayxaq okruginin` tariyxıy), «Tariyxıy Ma`sudiy» shıg`armaları og`ada dıqqatqa sazawar. Bul kitaplarda ol G`azniwiyler menen Xorezm, Saljuqiylar ha`m Karaqaniyler arasındag`ı siyasiy waqıyalardı ashıp ko`rsetiw menen bir qatarda sol da`wirdegi Xorezm xalıqları ha`m onın` ma`deniyatı haqqında anıq mag`lıwmatlar beredi.

Rashid-at-din. XIII a`sirdin` aqırı, XIV a`sirdin` bas gezinde o`tken İrannın` en` ko`rnekli entsiklopndist alımlarının` biri. Filologiya ha`m tariyx ilimi tarwında ko`p g`ana miynetler jazg`an. Ol 1247-jılı Hamadan qalasında tuwılg`an. Rashid-at-din belgili Abaqa xannın` (1256-1282) arnawlı ta`wibi, son`ınan G`azanxan (1295-1304), ha`m Oljaytu xan (1304-1317) olardın` wa`ziri sıpatında xızmet etken. Sonın` menen birlikte onın` 16 balası sol waqıttag`ı İrang`a qaraslı u`lkelerde ha`kimlik etken. Sonshama abıray ha`m danqqa iye bolg`an Rashid-at-din saray a`mirleri qozg`alan`ının` qurbanı boldı. Onı Oljaytu xang`a za`ha`r berip o`ltirgen dep ayıplap 1383-jılı o`limge hu`kim etedi. Ol belgili alım bolıp o`z kitapxanasına 60 mın` kitap jıynag`an edi.

Rashid-at-din jigirmadan aslam tariyxıy ha`m filologiyalıq miynetler jazg`an bolıp, olardın` arasında «Jame` u`t tawarix» (Tariyxlar jıynag`ı) ha`tte pu`tkil du`n`ya tariyxın o`z ishine aladı. Sol da`wirdi o`z ko`zi menen ko`rgenligi ushın da ol Shın`g`ıs xannın` Orta Aziya ha`m volga boyların basıp alg`annan keyingi tariyxın tolıq bayanlap bergen alım sıpatında da bahalawg`a boladı. «Jame` u`t tawarix» negizinen u`sh bo`limnen ibarat bolıp, negizinen G`azan xannın` tapsırması boyınsha 1301-1311-jıllarda jazılg`an.

1) Mon`g`ollar tiykar salg`an ma`mleketler: Mon`g`olstan ha`m mon`g`ollar qol astında bolg`an Altın Orda, Arqa qıtay, Orta Aziya, Jaqın ha`m Orta Shıg`ıs ma`mleketleri.

2) Shıg`ıs xalıqlarının` islamnan a`welgi tariyxı:

a) arab halifaları qol astına kirgen G`aznawiyler, Saljuqiyler, Xorezmshaxlar, b) Qıtay, a`yyemgi Yahudiyler, Rim imperiyası ha`m Hindstan.

3) Jer sharındag`ı basqa ma`mleketler. Biraq bul kitap 1318-jılı Rashid-at-din o`liminen keyin pu`tkilley jog`alıp ketken. Sonın` ushın bizge bul a`jayıp shıg`armanın` ayrım bo`limleri g`ana kelip jetken. A`sirese XIII-XIV a`sirdegi Altın Orda tariyxı usı kitap tiykarında u`yrenilgenligin seziwge boladı.

### 3. Qayqawıstın` Qabusnama shıg`armasının` jazılıwı

Bul kitap parsı ta`jik tilinde jazılg`an Shıg`ıstın` ullı didaktikalıq shıg`armalarınan esaplanıp, XI a`sirde xatqa tu`sken. Kitaptın` avtorı Unsurulmaomiy Qa`yqawıs Kaspiy ten`izinin` tu`slik jag`alarında jasawshı qabilalardan bolıp, ilimdi teren` iyelegen o`z zamanının` belgili patshalarınan boldı. Ol ma`mleketti ilim tiykarında basqarıwdı qa`legen, adamlar arasındag`ı qarım-qatnas, a`dep-ikramlılıqqa u`lken ma`ni beretug`ın adam edi. Sonın` ushında ol turmıstan alg`an o`z ta`jriybelerin balasınada u`yretiwdi maqul ko`rgen. Sol tiykarda o`z balasına wa`siyatnama tiykarında bir kitap jazıp qaldırıwdı maqset etken. Biraq bul kitaptı tek bir patshanın` o`z balasına jazg`an wa`siyatnaması sıpatında qarap bolmaydı. Sebebi kitap Orta a`sirdegi estetikalıq ta`liymatlardı tolıq o`z ishine alg`an.

«Qabusnama» 1082-1083 jıllar arasında jazılg`an. Bul da`wirde Qa`yqawıs 63 jasqa shıqqan bolıp: «Perzentim, men qartaydım. Qartayg`an adamnın` turmıs ta`jriybeleri mol boladı. Sonın` ushında sag`an estelikke bir kitap jazıp qaldırıwdı maqset ettim» - dep aytadı.

Son`ın ala bul kitap u`lken dan`qqa iye bolıp du`n`yanın` ko`p gana tillerine awdarıldı. Qa`llibek İsmayılov awdarmasındag`ı «Qabusnama» 1987-1991 jıllarda eki ma`rtebe qaraqalpaq tilinde baspadan shıqtı.

Bul kitap negizinen didaktikalıq tiykarda jazılg`an bolıp adam balasının` turmısta tutatug`ın ornı bilim iyelaw, dos tan`law, o`zinin` baxtı ha`m qa`dir qımbatı jolındag`ı gu`resleri haqqında so`z etedi. Sonın` ushın da avtor bul joldın` tiykarg`ı tu`yinleri ta`rbiyag`a baylanıslı, - dep biledi. Qırıq to`rt baptan ibarat bolg`an bul kitaptın` ha`rbir babında adamzat ta`rbiyasının` en` a`hmiyetli ma`seleleri sheshilip baradı. Sonlıqtanda bul baplardın` ha`mmesi de wa`siyat tu`rinde jazılg`an. Ma`selen: «Ata-ananı hu`rmetlew haqqında», «O`nerdin` artıqmashlıg`ı», «Sheshenliktin` a`hmiyeti», «G`arrılıq ha`m jigitlik», «Sharap ishiw yaki ishpeslik qag`ıydaları», «Miyman ku`tiw», «Ishqı muhabbat haqqında», «Monshag`a tu`siw», «Uyqılaw», «Du`n`ya mal jıynaw», «Perzentti

ta`rbiyalaw», «Dos tan`law», «İlim iyelew», «Shayırlıq penen shug`ıllanıw», «Xızmetkerlik» ha`m tag`ı basqalar.

Qullası adam balası ushın za`ru`r ha`diyselerdin` ha`mmesi de jazılg`an. Qayqawıs «Ata-ananı hu`rmetlew babında da og`anda a`hmiyetli ma`selelerdi ortag`a saladı». Onın` aytıwı boyınsha ata-ananı hu`rmetlew ha`rbir perzent ushın parız. Sebebi ata-ana perzentti bul jaqtı du`n`yag`a alıp keliwshi «Senin` mu`mkinshiligin bolmag`an jerde ata-ana keshirimli. Biraq o`z mu`mkinshiligin` bola tura olardı qartayg`an halında qıyınshılıqlarg`a giriptar etpe. Sebebi o`z ata-anan`a qanday mu`na`sibette bolsan`, o`lgennen keyin senin` balların`da tap o`zin`e sonday mu`na`sibette boladı» - deydi. Adam balası bay ha`m jarlı bolıwı mu`mkin. Biraq aqıl jarlısı bolma. Akılsızlıq penen payda bolg`an baylıqtın` payanı joq. Ol shel salınbag`an suwg`a usaydı. Bir tasıydı da izi joq boladı. Sonın` ushında du`n`ya-mal jarlısı bolsan` da, aqıllı bolıwg`a ha`reket et. Aqıl menen du`n`ya-mal jıynawg`a boladı. Biraq du`n`ya-mal menen aqıl jıynawg`a bolmaydı. Du`n`ya-malda adamdı waqtınsha aqıllı etip ko`rsetiwi mu`mkin. Biraq bul bir sa`wle sıyaqlı payanı bolmaydı. Adım jerde sırın` ashılıp qala beredi. Bilgil, aqıl sonday bir qımbat bahalı na`rse: Onı urı alıp kete almaydı: «Otta janbaydı, suwg`a batpaydı».

Qayqawıstın` aytıwı boyınsha ha`rqanday adam joqarı ma`rtebelerdi iyelewi mu`mkin. Birak bunın` ushın o`ner u`yreniwi kerek. «Eger adam joqarı lawazımlı, balent ma`rtebeli bolsada, o`neri bolmasa ol jumıstı alıp barıwı qıyın. Qolında o`neri bolmag`an adamdı xalıq sıylamaydı. Sonın` ushında ha`rqanday na`rseni o`z qolın` menen islep ko`rsetetug`ın bol. Sonda g`ana xalıq senin` isshen`ligin`e inanadı. Aqıl ha`m o`ner u`yrenip ba`lent ma`rtebege eris. Sebebi Sokrat ha`kim: «O`nerden ha`m bilimnen jaqsıraq na`rse joqdur» - dep aytqan.

Sonın` ushında Kayqawıs adamzat baxtının` gilti miynet, - dep esaplaydı. Sebebi aqıl da, bilim de tek miynet arqalı ju`zege keledi. Miynetten qashqan adamnan baxıtta qashadı. «Bilimdi iyelew ushın miynet etiw, deneni jalqawlıqtan qutqarıw paydalıdur. Sebebi jalqawlıq, is jaqpaslıq bedennin`

buzılıwına, keselleniwine sebepshi boladı. Eger miynet etip bedendi o`zin` boysındırmasan`, saw ha`m ba`lent ma`rtebeli bola almaysan`».

Avtor haqıyqıy adamlarda u`sh tu`rli belginin` saqlanıwın qa`leydi.

1. Aqıllılıq
2. Hadallıq
3. Jomartlıq

Mine usı u`sh tu`rli belgi haqıyqı insanlarda saqlanıwı kerek.

Qayqawıstın` pikiri boyınsha «Jomartlıq» - degen ko`zsiz saqıylıq emes. Ba`lki bunın`da o`z aldına qoyg`an maqsetleri bar. Sonın` ushında ol jomartlıqtın o`zinde u`sh toparg`a bo`lip qaraydı.

1. Ma`rtlik-yaki bolmasa aytqan so`zin orınlaw
2. Duwrılıq-sheshiliwi za`ru`r bolg`an ma`selege tuwrı qatnas jasaw
3. Qayır-saqawatlı bolıw

Sonın` menen birlikte «Qabusnama» avtorı ha`rbir topardın` mine-qulqın, olardın` jamiyette tutqan orınlarında belgilep o`tedi. «Adamlardın` ko`pshiligie jomartlıq penen hayyarlıq ta`n na`rse. Bul o`nerlerde batırlıq, ma`rtlik, sabır-qanaat, wa`de-opa g`a qılap etpew, sap ju`reklilik, haqıyqatlıq ba`ri aralasıp ju`redi. Ja`ne de aytaman, qulg`a, gedeyge azap bermew kerek. A`zzilerge ma`det berip, olardı qollap quwatla. Jaqsılardı jamanlardan azaplanıwınan qorg`aw kerek».

A`y balam, a`mel adamlarının` ha`reketi hayyarlıqqa jaqın keledi. Sebebi a`meldin` o`zi de hayyarlıq penen jetilisip baradı. Biraq ken`peyillik, miymandoslık, saqıylıq, duwrılıq, haqıyqat izlewshilik, tazalıq, jaqsı qurallanıw a`mel adamları ushın ta`ndur.

Sonın` ushında Kayqawıs aqıllılıqqa u`lken itibar beredi. Ol aqıldın` o`zinde ekige bo`lip qaraydı.

1. Tuwma aqıl. Bunday aqıl a`zelden Allataala ta`repinen sıy sıpatında beriledi. Onı ha`r bir adam o`zinshe jetildirip barıwı kerek.

2. Muqtasip-yaki bolmasa qosımsha aqıl. Bul aqıl ilimiy kitaplar ham turmıs ta`jiriybeleri arqalı ju`zege asadı. Usı ekewin biriktire alg`an adam g`ana

haqıyqıy aqıllı adam bolıp esaplanadı: «Eger quday sag`an a`zeliy (ta`biyiy) aqıldı bergen bolsa, sen qosımsha aqıldı u`yrenip alıw ushın miynet et. Sonda g`ana sen ba`rshe xalıq arasında a`jayıp ha`m a`ziyz adam bolasan`… Atan` bolsa atan`nan u`yren. Bolmasa bul bag`darda anadan a`ziyz adam joqdur».

Qayqawıs bul kitapta ko`birek ta`rbiya haqqında aytadı. Onın` pikirinshe adamdı ko`birek ta`rbiyalaytug`ın na`rse turmıs. Turmıstın` ta`rbiyası ha`r qanday dana mug`a`llimnen de ku`shli. Bul haqqında avtor to`mendegishe aytadı. «Eger adamdı turmıs ustazı dana etpese, heshqanday dana og`an aqıllı so`z u`yretiw ushın a`were bolmasın. O`ytkeni miyneti zayag`a ketedi»- deydi.

Biraq adam parasatlı, hikmetli so`zlerdi tın`lawdın jalıqpawı kerek. Sebebi adam eki tu`rli boladı. Birewi-u`yretiwshi. Ekinshisi-u`yreniwshi. «Tın`lay-tın`lay dana bolarsan`»-degen so`zler sonnan qalg`an. Qulag`ın`a qonımsız biyxuwda so`zlerdi esitiwden qash. Biraq hikmetli so`zlerdi u`yreniwden jalıqpa. «Anadan tuwılg`an na`resteni jer astında saqlap, su`t berip, sol jayda o`sirse, anası og`an hesh qanday so`ylemes, adam so`zin esitpese, ol bala u`lkeygennen keyin saqaw boladı. Sonın` ushında so`z bala ushın jaslıg`ınan joldas bolıwı kerek».

Avtordın` aytıuınsha jaqsı so`z ta`rbiyanın` tiykarg`ı quralı. So`zdin` ma`nisli qollanıwı adam xarakterinde tiykarg`ı jolg`a salıp jiberedi. Bunnan tısqarı ol: «Adam balası o`mirinshe ta`rbiyalanıp barıwı kerek. Jaman adam joq, jaman ta`rbiyalanıw bar» - degen sheshimge keledi.

Qullası, Qayqawıstın` bul shıg`arması Shıg`ıs pedagogikasının` en` bir xarakterli kitaplarınan esaplanadı. Sonın` ushında bul kitap orta mekteplerde pa`n sıpatında oqıtıladı.

## II-Bap. Qabusnamada a`dep-ikramlıq haqqında oylar

### 1. Qabusnamadag`ı jaqsı so`zdin` a`hmiyeti haqqındag`ı pikirler

So`zdin` qu`diretine erteden isenip, «so`z ju`yesin tapsa, mal iyesin tabadı» dep esaplap, xalqımız so`zge u`lken a`hmiyet bergen. Adamlar arasındag`ı qarım-qatnaslarda onın` u`lken rolin tu`sinip, so`zdin` parqına qarawg`a («so`z ma`nisi bilmes jaman») ha`m qay jerde qalay so`ylewge ayrıqsha kewil bo`lgen. So`zdin` og`ada qudiretli ku`sh ekenligin xalıqtın` «tayaq etten, so`z su`yekten o`tedi», «so`z jaralaydı, so`z emleydi», «jaqsı so`z jan azıg`ı», «oq jarası piter, so`z jarası pitpes», «taw menen tastı jel buzar, adamzattı so`z buzar» degen sıyaqlı naqıllar so`zdin` du`ziwshi ham buzıwshı ku`shlerin ko`rtesip, so`zdin` a`hmiyetin ko`termelegen.

Shınanda da adamnın` adam bolıwında, adam bolıp qa`liplesiwinde so`zdin` roli joqarı. «Mal mo`n`ireskenshe, adam tillessekenshe» degendey adamlar so`zler arqalı tanısadı, jaqınlasadı, bir-birin an`g`aradı, o`zin ta`rbiyalaydı ha`m o`zinin` kim ekenligin de ko`rsetedi.

Sem`yada yamasa ja`miyette ko`rinip turatug`ın u`lken-kishi ja`njellerdi dıqqat penen teksersen`iz ko`binese, barlıg`ının` sebebi qopal so`zler bolıp, birewdın` oylanbay so`ylegen so`zi, ekinshige tiyedi ha`m na`tiyjede ja`njel shıg`adı. Qopal qatnas, a`sirese ashshı natuwrı so`z, bawırı qattı, pa`mi pa`s adamnan shıg`ıp kisini renjitedi. «Bulttan shıqqan ku`n ashshı, jaman adamnın` so`zi ashshı», «Qorqaqtın` ko`zi u`lken, aqmaqtın` so`zi u`lken», «Bilgen tawıp aytadı, bilmegen qawıp aytadı», degen dey jaman adam shag`ıp aladı. Kewli azar tartqan adam saatlap, ku`nlep o`zine kele almay, qolı iske barmay qaladı. Demek qopal so`z, shıraysız qatnas insannın` kewlin awırtıw menen birge, ja`miyet isine de biraz zıyan keltiredi.

«Awzına kelgendi aytıw nadannın` isi,
Aldına kelgenin jew haywannın` isi».

«Nawayı»

Sonlıqtan peyli jaman adamlar ma`nissiz so`zlerdin` basqag`a a`deplilik, morallik jaqtan zıyanın pa`mlemeydi, tu`sinbeydi.

Waqtında jawılıp qoyılmag`an tesikten iyt te, pıshıq ta, mal da kirip shıg`a beredi. Sonday da`rejedegi qadag`alanbay qalg`an awızdın` «aq iyt kirip, qara iyt shıg`a» beriwi mu`mkin.

A`depsiz so`zlerdi aytıwdan saqlanıw, uyat so`zlerdi hayallar ha`m balalar arasında aytpaw, o`zin`nen u`lken adamlarg`a siz dep so`ylew a`depliliktin` tiykarg`ı sha`rti.

Xalqımızdın` a`detinde o`tirikshini jek ko`riwshilik tastıyıqlang`an ha`m onı qatarg`a qospag`an. Bir ret o`tirigi shıqqan adamnın`, ju`z ret ras so`ylegeninin` paydası joq. Sebebi «O`tirikshinin` ras so`zi de, o`tirik so`zi de o`tirik», «o`tirikshinin` erten` degeni tawsılmaydı» degen xalqımız. O`tirikshilik ha`lsizdin` ha`m jalataydın` isi.

O`tirik-o`sek, sırttan satıw, jalaxorlıq, maqtanshaqlıq ha`m sol sıyaqlı illetli so`zlerdi bizin` xalqımız g`ıybat so`zler dep atag`an ha`m onı aytqan adamlardı g`ıybatkesh dep ja`riyalag`an, onın` gu`nasın ju`da` awır qılıp belgilegen.

Sonın` ushın babamız Berdaq:

«Qashar bolsan` qash g`ıybattan, gu`nası awır biledursan`» dep ko`rsetken.

Bilgil, ha`mme o`nerden so`z o`neri jaqsı, sebebi adam basqa maqluqtan jaqsıraq jaraladı ha`m basqa janlı zatlardan adam on ma`rtebe artıq ha`m bul artıqmashlıq adamnın` bedeninde bar: besewi adam denesinin` sırtında boladı, besewi ishinde jasırınıwlı. Bul bes jasırıng`an na`rseler bir na`rseni yad qılıw, ha`mme waqıtta este saqlaw, qıyal etiw, parıqlay biliw ha`m so`z uqıbı. Besewi adam denesinin` sırtqı jag`ında ko`rinedi: esitiw, ko`riw, iyis biliw, da`m biliw, seziw. Bular basqa janlı zatlarda da bar, biraq adamdikindey emes. Sol sebepli adamzat basqa janlı zatlar u`stinen ha`kimlik qılıwshı patshadur. Demek, usını bilsen`, jaqsı so`ylewge u`yren ha`m mulayım so`ylewden basqa na`rseni a`det qılma, sebebi qanday so`zdi so`ylewdi qa`lesen`, til sonı so`yleydi. So`zdi o`z ornında so`yle, ornında aytılmag`an so`z, eger ol jaqsı bolsada jaman ko`rinedi. Biyhuwda so`yleme, sebebi paydasız so`z, zıyan keltiredi.

Eger senin` so`ylegen so`zin`nen paydalı na`rsenin` iysi kelip turması, bunday so`zdin` aytılmag`anı jaqsı. Bilimdanlar: «so`z bir may onnan bas awrıwı (qumar) payda bolar, so`z bas awırıwına da`ri de bolar» degenler: Birew sennen bir na`rseni soramasa, juwap bermegil, biyhuwda so`zden saqlan, bir na`rseni sorasa, durısın aytqıl.

Sennen soramasa sen og`an pa`ndi-na`siyat qılmag`ıl, a`sirese, pa`ndi-na`siyattı tın`lamag`an adamg`a hesh na`rse demegil. Ko`p adam arasında bir adamg`a na`siyat qılma, yag`nıy ko`p adam arasındag`ı na`siyat bul keyisdur. Eger adam qın`ırlıqqa a`detlengen bolsa, onın` qasına barmag`ıl, sebebi bunday adam duwrı jolg`a tu`speydi yag`nıy qıysıq ag`ashtı shawıp jonbag`ansha du`ziw bolmaydı.

Jumsaq jaqsı so`zge saran` bolmag`ıl, xalıqtan jumsaq so`z esiteyin desen` qattı so`z aytpag`ıl, jaqsı so`z aytqıl.

A`y balam, bilgil, xalayıq u`sh tu`rli boladı, so`z to`rt tu`rli boladı; xalıqtın` biri sol-biledi, biletug`ının da biledi, bunday kisi alımdur, og`an boysınıw lazım. Tag`ı biri-biletug`ının bilmeydi, ol uyqıdadur, onı oyatıw kerek. Biri sonday - bilmeydi, bilgenin de bilmeydi. Ol an`qaw-nadandur, onnan qashıw kerek. So`z to`rt tu`rli boladı: birinshisi-biliwge ha`m aytıwg`a kerek emes so`zler, ekinshisi-biliwge ha`m aytıwg`a za`ru`r bolg`an so`zler, u`shinshisi-biliwge za`ru`rligi joq, biraq aytsa bolatug`ın so`zler, to`rtinshisi-bilse bolatug`ın biraq aytıw keregi joq so`zler. Biraq aytılatug`ın ha`m biliw kerek so`z sonday boladı, du`n`yanın` jaqsılıg`ı sol so`zge baylanıslı boladı. Bunday so`zler du`n`ya ushın paydalıdur. Bunday so`zdin` aytıwshıg`a da, esitiwshige de ko`p paydası bar. Bilim mu`mkindag`ı aytıw mu`mkin bolmaytug`ın so`zler sonday boladı: bir ha`meldar yaki bir dos adamnın` ayıbı sag`an ma`lim boladı. Aqıl menen oylag`an waqıtta onı aytıw uyatsızlıqdur. Sol ayıptı aytsan`, sol ha`meldardın` ashıwı keledi, dostın` sennen qapa boladı yaki o`z basın`a u`lken sorlı is ha`m gawg`a arttırıp alasan`, sonın` ushın bul so`zdi biliw kerek, biraq atpaw lazım.

Bul to`rt so`zdi bayan ettim. Bulardın` jaqsısı ha`m biliw ha`m aytıw za`ru`r bolg`an so`zdur. Bul to`rt so`zdin` eki ta`repi bar: biri go`zzal ta`repi,

ekinshisi jaman ta`repidur. Xalıq aldında so`yleytug`ın so`zin` go`zzal bolsın, bul so`zdi xalıq qabıl etsin. Xalayıq senin` so`z benen ba`lent da`rejege eriskenin`di bilsin, sebebi adamnın` ma`rtebesin so`z arqalı biledi, so`zdin` ma`rtebesin adam arqalı bilmeydi, sebebi ha`r adamnın` awhalı, jay-jag`dayı o`z so`zi astında jasırıng`an boladı yag`nıy bir so`zdi bir ibara menen aytsa boladı, onda esitken adamnın` kewli jag`daysız boladı, sol so`zdi bir ibara menen aytsa esitken kisinin` kewli ashıladı.

A`y balam, ha`dden aspag`ıl, ha`dden asıwdı sumlıq dep bilgil. Ha`r iste ortasha bolg`ıl. Ha`r so`zdi aytıwda ha`m ha`r bir isti qılıwda shıdamlı bol ha`m asıg`ıwda ha`r bir isti qılıwda shıdamlı bol ha`m asıg`ıwdan awlıq bol. Sırın`dı o`zin`nen basqa kisige aytpag`ıl, sırın`dı birewge aytsan`, son` onı sır deme.

Ko`ptin` ishinde bir adamnın` qulag`ına so`z aytıw, sıbırlaw jaqsı emes. Qulaqqa so`z aytıw jaqsı bolg`anı menen de sırt-sırttan jaman ko`rinedi. Bul so`zden adamlar gu`manlanadı, sebebi ko`pshilik adamlar bir-birewinen gu`man qıladı.

Senin` so`zin`nin` duwrılıg`ına guwalıq bergendey so`zdi aytqıl.

Eger o`zin`di zorlıq penen ayıplı qılıwdı qa`lemesen` guwa bolmag`ıl. Eger guwa bolsan`, guwalıq bergen waqtında jaman niyetli bolma. Eger guwalıq bersen` o`z ıqtıyarın` menen ber. Ha`r bir so`zge qulaq sal, asıg`ıslıq qılma. Aytqan so`zin`nen pushayman qılmayın desen` oylamastan so`yleme ha`r bir so`zdi oylap so`yle.

Aldınan oylaw bul bir ka`ramttın` tu`ridur. Qanday so`z bolsa da tın`lawdan jalıqpa. Ol so`z keregin`e jarasın meyli jaramasın, onı tın`la, o`ytkeni senin` ushın so`z esigi jabılıp qalmasın, paydası tawsılıp qalmasın.

Suwıq so`z so`yleme. Suwıq so`z bul bir da`n, onnan dushpanlıq o`nip shıg`adı. Qanday dana bolsan` da, o`zin`di nadan tutqıl, o`ytkeni sonda sag`an ilim-o`ner u`yreniw esigi ashıq bolar. So`zdi ha`m ilimli jaqsı bilsen`de, hesh bir so`zdi buzba, duwrı ta`riyple. So`zdi o`zgertpey, buljıtpay so`yle. Ha`meldarlar menen ha`meldarlarday, a`piwayı adamlar menen a`piwayı adamlarday so`yleskil, (bunday waqta da) aqıllılıq shegarasınan shıqpa, senin` so`zin`

esitken adamg`a awır tu`yilmesin (eger sonday bolmasa) so`zin`di ha`m da`liyil menen de tın`laymaydı (bunday waqıtta) aman bolasan`.

A`y balam, eger sen qanshelli so`z shesheni bolsan` da, so`z bilimdanlıg`ı wag`ında biykarlanıp qalmawın` ushın o`zin`di bilgenlerden pa`sirek usla. Ko`p bil de az so`yle, az bilsen` ko`p so`yleme, sebebi aqılsız kisi ko`p so`yleydi: aytqan ekenler, u`ndemey otırıw salamatlıq sebebidur dep sebebi ko`p so`ylewshi aqıllı adam bolsa da, xalıq onı aqılsız deydi, aqılsız adam u`ndemey otırsa, adamlar onı aqıllı dep esaplaydı. Eger sen ju`da` pa`k, jaman islerden o`zin`di tıyıwshı bolsan` da, o`zin`di maqtamag`ıl, sebebi o`z paydan` ushın gu`wa bolsan`, seni hesh kim tın`lamaydı, seni xalıq maqtasın, sog`an ha`reket etkil ha`m sonday etip so`ylegil-bul so`z sag`an payda keltirsin, biykar ha`m zaya ketpesin.

A`y balam, jalg`an ha`m biyhuwda so`z aytpag`ıl, biyhuwda so`z diywanalar so`zidur. Birew menen so`ylespekshi bolsan`, ol so`zin`nin` qariydarı ma yamasa joq pa, sog`an qarag`ıl. Eger tın`lawshı senin` so`zin`e qarıydar bolsa, so`zin`di satqıl, eger so`zdi qarıydar qa`lemes, ol so`zdi qoyıp so`zin`e qarıydar bolıwı ushın tın`lawshıg`a jag`atug`ın so`zdi ayt. Biraq adamlar arasında o`zin`di adamlarday tut, insang`a insanday mu`na`siybette bol. Adam uyqıdan sergek bolsa adamlar menen qalay jasawdı men bayan etip ayttım.

A`y balam, tan`lawdan qashpa adam so`z esitiw, tın`law arqalı so`zge sheber boladı. Bunı sonın` menen da`lillew mu`mkin: Anadan tuwılg`an na`restege jer astınan birj ay islep su`t berip sol jerge ta`rbiya berse anası ha`m ta`rbiyashı onın` menen so`ylespese, ol bala bir adamnın`da so`zin esitpese, u`lkeygende ol saqaw boladı. Waqıttın` o`tiwi menen so`z esitse, u`yrense, so`zge sheshen boladı. Basqa mısal: Kim anadan geren` tuwılsa ol saqaw boladı. Ko`rmeysen` be, ha`mme saqawlar geren` boladı a`sirese, danıshpanlardın` so`zlerine qulaq qoy. Danıshpanlar aytqan: Danıshpanlardın` pa`ndi-na`siyatları kewil ko`zin ashadı, sebebi bul pa`ndi-na`siyat danıshpanlıq ko`zinin` su`rmesi

ha`m totiyasıdur, demek bul tayıpanın` so`zin eki qulaq penen tın`law esitiw kerek. Sebebi bulardın` so`zinde payda ko`pdur.

Awızdan-awızg`a o`tip ju`rgen xabarg`a qarag`ıl onnan qashpa. Birewdin` ta`repin alıp so`ylemegil. Eger aytıspaqshı bolsan` dushpang`a qara eger onın` menen aytısıwg`a ku`shin` jetse ha`m ga`p sozılısın desen`, da`liyller ha`m mısallar menen aytıs. Bolmasa so`zdi toqtat, bir mısalg`a qana`a`t, bir da`liyl menen tur, biykarlama ixtiyat bol, a`welgi so`zin`di keyingi so`zin` buzıp jibermesin. Eger ulamalar tartıssa, so`zdi birinshi na`wbette u`rip-a`detten baslag`ıl ha`m u`rip-a`detti sog`an uqsas ha`m du`n`yadag`ı bar na`rseler menen bayan etkil.

A`y perzent, eger dilwar bolsan` sheshen (hapız) bol, ko`p na`rseni yadtan bilgil. Hesh kim menen tartıspag`ıl ha`m tartıs so`zge barmag`ıl. Minberge shıg`ıp alıp kewlin` qa`legen na`rseni islewge urınbag`ıl, shiyrin til menen so`ylegil, kiyimin`di taza uslag`ıl.

Ta`sirli so`z aytqıl, ha`r bir so`zin`di estip, ah ursın ha`m jıyındı qızdırg`ıl. Minberde bosan` bolma, qabag`ın`dı u`yip, jaqpaytug`ın so`z aytpag`ıl. Ha`mme waq ha`reket etip turg`ıl. So`z so`ylep atırg`an wag`ında jıyıng`a qarag`ıl, eger so`zdi, esitkisi kelse, so`ylegil, eger ertek, a`psana esitkisi kelse, ertek a`psana aytqıl, sebebi xalıq sog`an qarıydar bolıp, ha`mme seni qabıl etkennen keyin hesh na`rseden qorıqpag`ıl. Jaman so`zdi jaqsıraq bahag`a satqıl, sebebi qabıl etken (tın`lag`an) waqta ne satsan` da aladı. Senin` qa`dirin`di bilip atırg`an waqıtlarda abaylı bolg`ıl, qorıq, sebebi tap sonday waqta dilwardın` dushpanı payda bolıp qaladı. Sen tabısqa erispegen jerde turmag`ıl Minberde turg`an wag`ında sag`an soraw berse, bilgeninshe juwap bergil, bilmegenin`e minberde turıp: «Bul ma`selege juwap beriwim mu`na`sip emes, u`yge barg`ıl, u`yde juwap beremen» degil. Olar o`jetlik penen jazıp jiberse, olarg`a: «Bul ma`sele dinsizlerdin` ma`selesidur bunı sorag`an adam «dinsizdur» dep juwap bergil. Yadın`da bolsın: bir so`zdi bir jıyında aytsan` ja`ne qaytarıp aytpag`ıl ha`m biyabıray bolmag`ıl… Jaqsı so`zli bolg`ıl. Bazarda puqara xalıqtın` ishinde ko`p so`ylemegil, sonda olarg`a qa`dirli bolıp ko`rinesen`. Jaman isten o`zin`di tıy.

Minberde turıw a`debin saqlag`ıl, ta`ka`bbirlikten, jalg`an so`ylewden ha`m paradan awlaq bol. Sen o`zin` qılatug`ın isti buyırg`ıl, xalıqta sonı qılsın (orınlasın).

Ha`kim Ulıqpannın` na`siyatınan: «A`y ulım, qanday g`a`p aytsan` da naqıl na`siyattan so`yle. So`ylegen so`zlerin`e, aytqan na`siyatların`a a`dep o`zin` a`mel qıl. O`z ka`sibin`e jarasqanday ga`pti ayt. Ga`p aytsan` da`lil keltirip ayt. Dana adamlar menen sa`wbetles bol. Bir ga`p aytpaqshı bolsan` a`wel onın` juwabın beriwdi oyla. Kim menen sa`wbetlessen` de, sonın` o`zine ılayıq jarasqanday ga`pti ayt. Tu`nde birewler menen so`ylessen`, jumsaq til menen a`ste so`yle. So`ylegenin`de tek bir adamnın` betine qarap so`ylemey, a`tirapındag`ılarg`a da na`zer salıp tur.

«A`y ulım, sır saqlap bilmegen adamlarg`a sırın`dı aytpa».

## 2. Qabusnamadag`ı qanaat ma`selesi

Qanaat a`depliliktin` baslı tu`sinigi ha`m onın` tiykarı. Ol adamnın` sana-sezimindegi ha`m iskerligindegi jaqsı a`det. Eger onı a`detke aylandırg`an adam o`mirinshe baxıtlı boladı. Sebebi ol tuwrı joldan taydırmaydı, azg`antayg`a da qanaat aladı. Ol ashko`zlikke berilmeydi, kisinin` zatına na`zer taslaymaydi, ayag`ın og`an qarap qıya baspaydı. Sonlıqtan qanaatshıl adam jumsaq ha`m a`lpayım bolıp, ol jurttın` hu`rmetine miyassar boladı. Sonın` ushın xalqımız:

«Qudayım ha`r ne berse qıl qanaat,

Ju`rekten qılma millet ha`m jaraqat» degen.

İnsaplı adam qanaatshıl boladı. Qanaat bul jetisken tabıslarına, qolda barına razı bolıw. Bul ha`mme ushın ayrıqsha go`zzal sıpat. Ol g`a`ziyne hesh waqıt orta tu`speydi. Geyparalar sonsha baylıg`ı bolsada qanaatsız keledi. Qanaatsız adam «bolg`an sayın bolsam, alg`an sayın alsam» dep alatug`ın na`rsesi ko`p bolg`anlıqtan ashko`zligi sheksiz bolıp, aqırında o`z muradına jetiw ushın jalg`an so`ylep, jalataylıq qıladı.

Eger adam balası ha`r waqıtta o`zinen biyshara jag`daydag`ı adamdı ko`rip o`zinin` de biyshara halg`a tu`sip qalıwının` mu`mkin ekenligin eske tu`sirse, ol barına qanaat etedi.

Qolındag`ı bar malın tiyisli na`rsege sarp etip, o`zinin` tirishiligine rıyza bolsa ha`m shu`kirlik etse, «Sawlıg`ın`-baylıg`ın`» degen so`zdi umıtpasa qanaatshıl boladı.

Aqıllı adamlar aytqan: ha`reket qılın`, abat bolasızlar ha`m azg`a qanaat qılın`, da`wletli (bay) bolasız, kishpeyil bolın`, dosın`ız ko`p boladı dep. Sonın` ushın da miynet penen tabılg`an da`wletti ga`pletlik ha`m bosan`lıq penen qoldan jiberip qoyıw aqıllı adamnın` isi emes, jarlı bolıp qalsan`, pushayman qılıw biypaydadur.

Bar du`n`ya-malın`a qanaat et, qanaat-pitpes-tawsılmas baylıqdur ha`m sen qanday awhalda bolsan` da ırısqın`a iye bolasan`. Shiyrin so`z yaki xalıqtın` sha`pa`a`ti menen jaqsı bir is senin` qolın`a tu`sse onı jog`altıp alma, sebebi

du`n`ya-malsız qa`diri bolmaydı. Biraq baydın` hesh paydası tiymese de bay kembag`allarda dushpan ko`redi. Xalıqqa jarlıshılıqtan jaman jag`day joqdur.

Du`n`ya-mal beriw xalıqtın` ko`rki-ziyneti, biraq isirapshılıqtan qashqıl.

Ha`r bir istin` sebebi bar. Biraq jarlıshılıqtın` sebebi isirapxorlıq.

İsirap tek du`n`ya-maldı sarıplawda g`ana emes, awqatta da, adamnın` qılıqlarında da, o`zinde de boladı. İsirap ta`ndi aldaydı, na`pesti irenjitedi, aqıldı qashıradı ha`m tirini o`ltiredi, ko`rmeysen` be, shıranın` tiriligi may menendur. Eger maydı ha`dden tısqarı ko`p salsan`, may piliktin` basına shıg`ıp, shıranı o`shiredi, may bolsa shıranın` janıwına sebepshi edi, isirap bolg`anlıqtan onın` o`limine sebep boladı…

Danalar aytqan: qanday is bolmasın isirap qılmag`ıl, isirap qılıwshı ha`mme waqıt zıyan ko`redi. Biraq tirilikti ashshı, qıyın qılatug`ınday qattı zıqna-pasıq ta bolmag`ıl. Turmıstın` za`ru`r isleri ushın saran` bolmag`ıl. Janın`a ja`bir qılma: Du`n`ya-mal qanshama qa`dirli bolsa da, janın`nan qa`dirli emes. A`lqıssa, ha`reket qılıp jıynag`an du`n`ya-malın`dı ornı-ornına sarplag`ıl.

A`ytewir kereksiz is ushın qarız almag`ıl, girewge berip paydasın jeme. Qarızdı awır dep bilgil. Mu`mkinshiligi bolsa birewge qarız bermegil. A`sirese dos adamlarg`a bergen qarızın`dı sorap alg`annan ko`re qarız bermegenin` jaqsıdur. Eger qarız bersen`, qarızdı o`z du`n`ya dep esaplama ha`m dostıma bag`ıshladım dep oyla, tap o`zi bermegenshe soramag`ıl, sebebi qarızdı sorasan` doslıqqa zıyanı tiyedi ha`m dostın` dushpan boladı. Bunday is a`n`go`deklerdin` ha`m an`qaw-nadanlardın` isidur, qarızdı qıstamaw bolsa, dana ha`m aqıllı adamlardın` isidur. Du`n`ya-malın`nan mu`na`sip adamlarg`a bergil. Basqalardın` du`n`ya-malınan ta`me qılmag`ıl, sonda sen ba`rshe xalayıqtın` jaqsırag`ı ha`m qa`dirlisi bolasan`.

Du`n`ya-malın`dı o`zgelerdin` du`n`ya-malınday dep bilgil, basqalardın` du`n`ya-malın o`z du`n`ya-malın`nan artıg`ıraq bil, sonda amanatqa qıyanet qılmaw, duwrılıq penen xalıqqa belgili bolarsan`.

A`y perzent, bigil bul kitaptın` bir neshe jerinde qanaat tuwralı ayttım ha`m ja`ne ta`krarlayman. Biraq ha`mme waqıt qayg`ı-g`amlı bolmag`ın` kelse,

qanaat etkil, qızg`anshaq bolmag`ıl, sonda g`ana ha`miyeshe kewlin` xosh bolar, sebebi ba`rshe qayg`ı-g`amnın` tiykarg`ı qızg`anıshdur, ko`re almawdur. Belgili pa`lek ga`rdishinin` ta`sirinen adamg`a ha`miyeshe jaqsılıq ha`m jamanlıq etip atır. Menin` ustazım ayttı, ta`g`dirge bola adam moynın sozadı, awzın ashadı. Ta`g`dirge bola awır mashaqat ushırassa, adam onı o`z moynında ko`teredi, bir tislem na`rse ushırassa awzına saladı…

Hikaya. Bunday dep esitkenmen. Shayıq Shibli bir ku`ni meshitke bardı ha`m eki ra`ka`t namaz oqıp az g`ana dem aldı. Ol meshitte jas balalar jıynalıp kitap oqır edi. Balalardın` awqat jeytug`ın waqtı bolıp qaldı. Bulardın` arasında bir baydın` balası da bar edi ha`m bir ka`mbag`aldın` da balası bar edi. Bay balasının` aldında halwa, ka`mbag`aldın` balasının` aldında qurı nan bar edi. Bay balası halwa jedi. Ka`mbag`aldın` balası onnan halwa soradı. Baydın` balası og`an: «Eger halwa jegin` kelse, menin` iytim bol, sonda halwa beremen» dedi. Ka`mbag`aldın` balası og`an: «Men senin` iytin`men» dedi.

### 3. Qabusnamadag`ı ta`wbe ha`m qızg`anshaqlıq haqqında

Ta`wbe, ta`wbege keliw haqqında bir qansha ra`wiyatlar, naqıllar maqallar xalıqımız arasında ken` tarqalg`an. Solardan biri Rabg`uziydin` «Qarınbay haqqındag`ı hikayatı». Ha`zireti Musanın` jetik sha`kirtlerinen biri Qarınbay du`n`ya quwıp, na`psiqawlıqqa berilip, aqır ayag`ında alayhissalamg`a dushpan boldı.

Ta`n`irden saza keldi: «A`y, Muwsa, Qarınbayg`a ayt, malıw-du`n`yasınan ten` jarıtısın da`rwishlerge bersin-ol za`katdur».

Qarınbay bul so`zlerge qulaq aspadı. Ko`zi jer ko`rmey, du`n`ya quwın et baylag`anlıqtan Ta`n`irdi yad etiwge umıtı. Qulaqların ga`plet bastı. Dag`azap bolg`an Muwsa:

- A`y, qara jer, Qarınbaydı tart bawırın`a, - dedi. Aspanıw-zamin la`rzemge kelip, Qarınbay aqıl-esinen ayrıldı. Tobıg`ına deyin jerge sin`di, biraq ol ta`wbege kelmedi, tag`ı dizesine deyin jerge kirdi, ta`wbege kelemdi, alqımg`a deyin sin`di. A`ne sonda barıp Qarınbay: «Ta`wbege keldim» - dedi.

- Endi onı jerdin` u`stine shıg`arın`lar, - dedi Muwsa alayhissalam. Solay etip Qarınbaydı jerdin` jarıg`ınan suwırıp alıp bosatıp jibergen eken.

Haq kewillilik insannın` jaqsı pa`ziyletlerinin` biri. Haq kewil adam basqalardın` ıg`bal baxtına, olardın` xızmetine ha`m onın` jeke o`mirindegi jen`islerine o`zinin` baxtı, o`zinin` jen`isi retinde qarap, og`an quwanadı. Ol adam kisilerdin` baxıtında ja`miyettin` baxıtın sa`wlelendiretug`ın adamlar. Ol adam ha`mmenin` isi ju`rissin, menin` xızmetim, menin` tabısım qala berdi, ha`mmenin` tabısı bolsın, ha`mmenin` tabısı menin` tabısım dep isenedi. Ol birewdin` ko`mek sorawın tiletpey-aq o`zinin` haq kewilligi menen ko`mek beriwge tayar turadı. Bunday adamdı xalıqta haq ju`rek adam dep ataydı. «Haq ju`rek erdin` o`zi eken». Ol adamlardın` uqıplılıg`ın, talapshan`lıg`ın, da`wletliligin, bir-birew menen doslasıp qatnasıwın, ja`rdemin, sıylasıg`ın ta`biyg`ıy dep esaplaydı. Haq kewil adam aq ko`kirek, kewlinde kir joq, o`tirik

aytıwdı, aldawdı bilmeydi. Onın` ruwxıy du`n`yasına jat qumarlıqtı, maqtanshaqlıqtı, mensinbewshilikti, takabbırlıqtı bilmeydi.

Leykin ko`kiregi qara, baqıl, zıqna adam birewdın` baxtın ha`m tabısların ko`re almay, «ishinen qasıq aylanbaydı». Bundaylar ko`kriegi qaralıq qılıp «mende joq na`rse sende ne ushın bolıwı kerek», «men jaman turaman, sen nege jaqsı turıwın` kerek» dep haram niyetinin` qulı bolıp qaladı.

Baqıl adam saran`, qıtımır ja`ne kewli tar keledi. Olardın` sıqmarlıg`ının` aqıbetinde Quranda: «Qıyamet ku`ninde baqıllıq etip bermegen na`rseleri menen moyınlarınan buwıladı» («Ali İmran» su`resi 180 ayat) dep jazadı.

Baqıl adam baylıqqa bekkem jabısıp alg`an menen ol kambag`allıqta jasaydı. Sebebi, baylıqtı toplap, onnan paydalanbay ju`riw de kambag`allıqtın` bir tu`ri. Ba`lkim, en` jaman tu`ri. İslam «Baqıl kisi xor boladı, adamlardın` g`arg`ısına ushıraydı» dep na`siyatlaydı.

Demek, kimde-kim kewlim tınısh, o`mirim mashaqatsız, denim saw bolsın dese, baqıllıqtan, yag`nıy ishi tarlıqtan, ko`re almawshılıqtan, qızg`anshaqlıqtan waz keshiwi kerek. Sebebi, ol adamdı azdıradı, dosların qashıradı, abroyın to`gedi ha`m a`lbette, den sawlıg`ına ta`sir etedi.

Arıslan ayttı:-Shahlar sarayına jaqın adamlardın` isi ha`mme waq patas. Olar bir-birewin ko`re almaydı, bir-birewlireinen qızg`anadı. Qızg`anıw, ku`nshillik bul sonday bir ot, eger ol tutansa ho`li-qurısı ba`ri ten` janadı. Qızg`anıwdın` ku`nshilliktin` aqıbeti sonday bir-birewin ko`rerge ko`zi bolmag`an u`sh adamnın` qıssasındag`ıday qızg`anıwshı ku`nshil o`zine de jaqsılıqtı ra`wa ko`rmey qoyadı.

Arıslannın` anası soradı:-U`sh ku`nshil ne qılg`an eken?

Arıslan ayttı: - Bir-birewine joldas bolıp u`sh adam saparg`a shıqqan eken deydi. Jası u`lkeni qalg`an ekewine aytıptı: - Siz ne sebep o`z watanın`ızdın` ra`ha`tinen keship sapar qıyınshılıqların qa`ledin`iz? Birewi ayttı: - Men bir jerde jasaytug`ın edim. İsi ju`risken adamlardı qızg`anıp, olardı hesh ko`re almaytug`ın edim. Oylanıp-oylanıp, aqırında azg`ana waqıtqa bolsa da watannan

shıg`ıp ketsem, ko`rip qızg`anatug`ın na`reselrdi ko`rmey qızg`anbay, qoya qalsam degen qararg`a keldim.

Ekinshisi ayttı: - Men de sol sebepli usı joldı tan`ladım. En` jası u`lken ullısı da sol sebepli sho`lge shıg`ıp ketkenin aytıp berdi.

Bul u`sh ku`nshil bir-birewi menen tabısqanına quwanısıp jolg`a rawana boldı. Bir ku`ni joldan bir shıjlan altın tawıp aldı. Awızbirshilik penen altındı bo`lisip alıwg`a qarar etti. Biraq ha`r qaysısının` qızg`anısh otı janıp, basqasının` alatug`ın u`lesine ko`z tige basladı. Solay etip bir ku`n, bir tu`n jaziyrama ıssıda, ash, sho`llegen, uyqısız halında ja`njellesti. Erten`ine sol a`tiraptın` patshası awg`a shıqqan edi, ma`hremleri menen sol jerden ju`rip o`tti. Patsha u`sh ku`nshildi ko`rip awhal soradı. Olar ha`mme ga`pti aytıp berdi: - Biz u`shewmiz de qızg`anısh otına ku`yemiz, janamız, sol sebepli watannan juda bolg`an edik. Mine, endi tawıp alg`an altınlardı bo`listiriwde aramızda kelispewshilik shıqtı. Bul altındı bo`lip bere alatug`ın bir adamg`a mu`ta`j bolıp turg`anımızda mine shahtın` o`zi g`ayıptan kelip qaldı.

Patsha ayttı: - Ha`r qaysısın`ız o`zlerin`izdin` qay da`rejede qızg`anshaq ekenligin`izdi so`ylep berin`, sonda qızg`anıshın`ızdın` da`rejesine qarap altındı bo`lip beremen.

Birewi ayttı: - Menin` qızg`anıshım sonın`day ku`shli, hesh waqta birewge miyrim-sha`pa`a`t qılg`andı ha`m hesh bir adamnın` waqtının` xosh bolg`anın qa`lemeymen.

Ekinshisi ayttı: -Sende qızg`anıwdın` o`zi joq eken. Men bolsam birew-birewge o`z du`n`ya malınan berse janım shıg`ıp ketedi.

U`shinshisi ayttı: _ Sizler ekewin`iz de qızg`anıshtan biynesip ekensizler. Mag`an birew jaqsılıq etse, basqalarg`a da jaqsılıq qıladı eken, dep ku`yip ketemen.

Patsha bulardın` ishinin` qaralıg`ına hayran qalıp ayttı:

- So`zlerin`izge qarag`anda bul altın sizlerge haram. Sizlerdin` ha`r qaysın`ızg`a ılayıq azap-uqıbet kerek. Birewge bir na`rse bergendi qa`lemegenin` jazası sol: Onı jaman atlı etip, bul du`n`yanın` jaqsı na`rselerinen

mahrum etiw kerek. Birewge-birewdin` bergenin ko`re almag`an adamdı o`ltirip, onnan qutılg`an jaqsı. O`zgeden de, o`zinen de qızg`anatug`ın adamdı du`n`yadag`ı barlıq azaptın` tu`rleri menen qıynap o`ltiriw kerek.

Shaxtın` buyrıg`ı boyınsha, birinshi qızg`anshaqtı basıp to`men qaratıp astı, ekinshisinin` basın kesti, u`shinshisinin` denesine za`ha`r su`rtip a`ptapqa qaratıp qoydı. Solay etip, qızg`anshaq u`sh adamdı jazag`a griptar etti. Qızg`anısh-dawasız da`rt. Qızg`anıwshı ha`mme waqıt birewdin` shadlıg`ınan, ra`ha`tinen qapa boladı, ishi ku`yedi. Qızg`anısh sonın`day bir jaman qa`siyet, onın` kesirinen adam o`zine de jaqsılıqtı ra`wa ko`rmey qaladı. Shahlar sarayına jaqın adamlardın` isi buzıqlıq, qızg`anısh, jamanlıq, arzago`ylik ha`m bir-birewin jamanlawdan ibarat. Olar ku`ni-tu`ni bir-birinin` izine tu`sip, bir-birinin` u`stinen o`sek aytadı. Kim sheber, uqıplı bolsa, sol tuwralı ko`p mısh-mıshlar tarqatadı.

Ho`ner iyelerin ha`mme waqta uqıpsız, qızg`anshaq, ku`nshil, jaman adamlar ayaq astı qıladı, olar pa`s adamlardın` jek ko`rinishine, g`a`zebine ushıraydı. Uqıpsız, qızg`anshaq, ku`nshil, jawız, pa`s adamlar jaqsılardı nabıt etedi. Ashko`z saqıydı ko`rse, nadan alım menen ma`jilis qılsa, aqmaq aqıllı menen so`ylesse, ju`regi oynap, qanı qaynap ketedi. Uqıpsız adamlar ho`ner iyelerin jerge urıp, olardı gu`nakar etip ko`rsetiwge ha`reket etedi. Dıyanattı jınayat etip ko`rsetedi. Baxıttın` quralı bolg`an ho`ner ha`m baxıttı baxıtsızlıq quralına aylandıradı.

## 4. Qabusnamadag`ı aqıl ha`m ilimnin` za`ru`rligi haqqında

Adamlardın` haywanlardan ayırmashılıg`ı onın` aqıl-parasatında. Sebebi aqıl ha`m baxıt gaziynesinin` saqawat esiginin` gilti bolıp esaplanadı. Du`n`yadag`ı en` jaqsı na`rselerge iye bolıw aqıl ha`m pa`mge tiyisli. Ha`r bir adam aqıl oyg`a iye bolıp ilim, ho`ner u`yreniwge umtılsa, ol o`z tilegine jetedi! Ha`r bir istin` o`z sebebi boladı. Ha`r sebeptin` o`z sebepshisi ha`m ha`r bir sebepshinin` ma`kanı ha`m waqtı bar, onı biliw o`mirdi uzartadı, da`wletti uslaydı.

Qızbashılıq yamasa g`a`zelleniwshilik ruwxıy jag`dayda en` jaman ha`m zıyanlı qa`siyet. G`a`zep adamnın` qanın qızdıradı, deneni titirkendirip, eriksiz ha`reketke a`keledi. Sonın` ushın bul ba`leden saqlanıp, bolar-bolmas na`rselerge ga`zeplene bermew kerek.

G`a`zepleniw geyde adamnın` erkinen g`a`rezli emes, liykin onnan o`zin irkiw, og`an erik bermew o`zimizdi uslap, parasatlı bolıwg`a talpınıw kerek. Ol adamnın` salamatlıg`ına paydalı boladı. Temperamenti basım, ju`ykesi ha`lsiz ha`m ku`yip janıwshı adamlar ha`mme waqıt quwatı az awqatlar jep, suwıqqanlıqqa a`hmiyet berip, qandı qızdıratug`ın o`tkir na`rselerden bas tartıwı kerek.

Adamnın` aqılı on na`rseden ko`rinedi deydi danalar. Olar birinshiden: adamlarg`a a`lpayım ha`m na`zik ma`mle etiwde, ekinshiden o`zinin` kim ekenligin bilip sog`an baylanıslı ha`mel qılıwda, u`shinshisi, adam shahlarg`a xızmet etip olardın` tilek a`rmanların orınlawda, to`rtinshiden, o`z sırların dosqa bildiriw ha`m bildirmewdi biliwde. Besinshiden, o`zinin` ha`m basqalardın` sırın saqlawda, altınshıdan, shahlar sarayında saq bolıp, shiyrin til menen saray adamların qolg`a ala biliwde, jetinshiden, tildi tıyıp artıq so`ylemewde, seginshisi ma`jilislerde tınısh, u`ndemey otırıwda, a`dep etip soralmag`an na`rselerdi aytpaw ha`m pushayman jegizetug`ın so`zlerdi tilge alıwdan saqlanıwda, tog`ızınshıdan, qa`ten`di birden moyınlap keshirim sorawda, onınshı, birewdin` isine aralaspawda, basına paydası joq so`zdi so`ylemewde.

Bilgil, aqıl eki tu`rlidur-biri tuwma aqıldur, bunı aziziy (ag`la) derler, ekinshisi kasibiy aqıl, bunı muxtalib (hadal miynet penen tabılg`an) derler. Kasibiy aqıldı bilimli ha`m derler. Demek, eger aziziy (alg`a) aqıl bolmasa, men ha`m sen ha`m hesh ijal qıla almaymız. Sen muqtasab aqıldı iyelewge qa`te jibermegil, ku`nin` jetkenshe u`yrengil. Eger aqıllı bolg`ın` kelse, hikmat u`yrengil, aqıl hikmat penen erjetip o`sedi. Aristotel` danıshpannan: «Aqıldın` ku`shi neden ibarat?» dep soraptı. Danıshpan «Ba`rshe adamnın` ku`shi awqattandur, aqıldın` ku`shi bolsa hikmetdandur» - dep juwap beripti.

Ha`kim Ulıqpannın` na`siyatlarınan.

A`y ulım, tamaqtan ash qalsan` da aqıl-parasatqa toq bol. Adamlarg`a qopallıq qılma. Aljı-buljı so`ylewden awlaq bolıp, o`zin`di tıyıp ju`rgil. Sonda g`ana sen ha`r qıylı ba`lelerden awlaq bolasan`. Adamlar senin` o`zin`de bolmag`an ha`m bolıp ko`rmegen qa`siyetlerdi bar dep maqtasa, bunday maqtawg`a isenip ga`rdiyip ketpe.

Ey ulım, mudamı ilimge ıntıq bol. O`z aytqanın`nan qaytpatug`ın o`jet bolmay, o`zgelerdin` de ga`plerine itibar berip qulaq sal.

Ey ulım, bir ko`rgen kisin`e sınamay turıp kewlin`di ashpa. O`z qadirin bilmegen kisilerden jaqsılıq u`mit qılma. Ku`n shıqqansha uyıqlay berme. Jo`nsiz ku`le berme. Haslı pa`s kisiler menen sa`wbetles bolma. Jası u`lken ha`m kekselerdin` aldına tu`sip ju`rme. So`ylesip otırg`anlardın` so`zin kese belden bo`lme. Miymannın` aldında birewlerge ga`zebin`di shashpa. Basın`dı iyip otırma.

## 5. Qabusnamadag`ı saxıylıq ha`m ma`rtlik haqqında oylar

İnsannın` en` go`zzal sıpatlarının` biri – saqıylıq. Bul sıpat, insang`a xızmet qılıwg`a bel baylag`an u`lken keleshekli kisinin` qa`siyeti.

Ha`kim Ulıqpannın`, Anushirwan patshanın` wa`ziri Buzurgmehrge bergen sawalların keltirgende mınaday soraw ha`m juwaplarg`a aytarlıqtay kewil bo`ledi:

«Du`n`yada en` baxıtlı adam kim?» degende wa`zir: «O`zin a`dillilik penen, saqıylıq penen bezegen adam» dep juwap bergen. Bul – haq kewillilik jaqsılıq basqalarda da bolsın dep g`ana qoymastan, og`an ja`rdemlesiw ha`m adamlarg`a shadlıq bag`ıshlaw. Bul ha`mmesi o`zimde bolsın «Menin` atım ju`re tursın, kisinin` atı tura tursın» degen qa`siyetke qarama-qarsı bolıp, adamdı ullı ma`rtebelerge umtıldıratug`ın qa`siyet. Saqıylıq ja`miyet ag`zaları arasında o`z-ara muhabbatın bekkemlewge u`lken xızmet atqaradı. Kerisinshe sıqmarlıq adamdı qolaysız jag`dayg`a qaldıradı.

Sen ju`da` bay adam bolıwın` mu`mkin, biraq hesh kim menen hesh na`rseni bo`lispesen` sen sıqmarsan`. Onda senin` balaların` sag`an jat, onda senin` qatının` biytanıs. Sebebi sıqmar menen ushırasıp bolmaydı. Ol jabıq. Ol qashshan o`z go`rinde tur. O`lgen adam. Sıqmarg`a qalay barasan`. Sen og`an ju`rsen` ol qashadı. Ol ha`mme waqıt birew jaqınlap qalmag`ay  da dep qorqıp ju`redi. Sebebi, bir na`rselerdi bo`lisiw kerek. Ha`tteki, qol qısıspada sıqmardı ta`shwishlendiredi. Ol kim bilsin, doslıq payda bolıp qalar, onda qa`wiplilik payda boladı dep oylaydı.

Sıqmar adam ıqtıyatlı, saq, birewge ju`da` jaqınıraq keliwge ruxsat etpeydi. Ol adamlardı bir qashıqlıqta uslaydı. Mıyıq tartıw qa`wipli, ol qashıqlıqta uslaydı. Mıyıq tartıw qa`wipli, ol qashıqlıqtı buzadı. Ol eger ash bolsa og`an awqat beriw kerek. ku`le shıraydın` ne keregi bar. Qattılıq tınıshlıq beredi, shıg`ımsız bolsın, qa`wipli emes dep oylaydı.

Demek, saqıy bolıw ushın bay bolıw kerek dep oylawg`a bolmaydı. Kerisinshe, siz bay bolg`ın`ız kelse saqıy bolıwın`ız kerek, onda siz o`mirde

ko`p sıylıqlardı alıp ju`resiz. Raxmetnamalar esitesiz. Ko`p adamlar menen kewillerdi bo`lesiz. Taza bolasız. Saqıy adam taza, sıqmar adam jabıq, saran`. Ol so`zsiz patas boladı. Ol aqpay qalg`an xawızdın` suwına uqsaydı. Og`an hesh kim kelmeydi, ol hesh kimge suwın bermeydi. Onnan hesh kim suw almaydı. Onı ba`ha`r suwg`a toltırmaydı, suw pataslana beredi. Aqırında qurıydı. Ko`pshilik adamlar tap usınday boladı. Adamlardı o`zin`izdegiler menen bo`lisiwge shaqırıp saqıy bolıw u`lken baxıt bolıp esaplanadı.

Biykarg`a jaza berme. Bir biygu`nanı jazag`a sazawar qılmag`aysan`, ha`r na`rse ushın adamg`a ga`zebin` kelmesin ha`m g`a`zeplengen waqıtın`da ashıwdı basıwg`a a`detlen. Bir gu`na ushın sennen keshirim sorasa, keshiriwdi o`zin`e lazım dep bilgil. Eger gu`nakardın` ayıbın keshirmey jaza bersen`, senin` onnan qanshelli artıqlıg`ın` ma`lim boladı. Adamnın` gu`nasın keshirgenin`nen keyin og`an keyimegil ha`m onın` gu`nasın hasla esin`e almag`ıl, o`ytpesen` gu`nasın keshirmegen bolıp esaplanasan`. O`zin` keshirim soraytug`ın da`rejede gu`na qılmag`ıl, eger gu`na qılsan` keshirim sorawdan uyalmag`ıl.

A`y, perzent, demek eger gu`nakar keshirim sorasa qabıl qıl. Eger bir adam sag`an mu`ta`j bolsa, ilajı barınsha mu`ta`jin pitkeriwden onı mahrum qılmag`ıl ha`m ol mu`ta`j adamın` o`zin` tuwralı o`tirikshi dep gu`man etpegen. Eger ol senin` jaqsı adam ekenligin`e gu`man etkende edi, sennen qa`jetin soramas edi. Mu`ta`j adam qa`jetin sorarda sag`an tutqın boladı, tutqınlarg`a rehim qılıw kerek, sebebi tutqın bolıw an`sat emesdur ha`m ko`p mu`shkil isdur. Demek, bul iste qa`telik qılmag`ıl, tap sonda eki du`n`yada jaqsı atqa iye bolarsan`.

Eger senin` bir adamg`a isin` tu`sse, a`wel sol adamnın` ken` peyil yaki na`kes ekenligin bilgil. Eger ken` peyil bolsa qa`jetin`di sorag`ıl, eger na`kas bolsa soramag`ıl. Ken` peyil adamnan qa`jetin`di sorasan` da ko`p soramag`ıl… (Ashıwlanıp turg`an wag`ında, qarnı ash wag`ında hesh na`rse sorama, qolay bir payttı go`zlep). Qa`jetin`di sorag`anda jaqsı bir pikirdi oyla, shiyrin ha`m jumsaq ma`mile menen qa`jetin`di bildirgil, sebebi qa`jetti sorag`anda jumsaq ma`mile menen qa`jetin`di bildirgil, sebebi qa`jetti sorag`anda jumsaq ma`mile qılıw-qa`jetti pitiriw ushın u`lken quraldur, sebebi qa`jet soraw qag`ıydasın

bilsen` hesh jerden qa`jetin` pitpey qaytpaysan`. Birewge mu`ta`jin` tu`sse, o`zin`di oın` xızmetkeri ha`m qulınday bilgil… Qa`jetin`nin` qabıl etilgenin, pitkenin bilsen` shu`kirlik qılg`ıl (raxmet aytqıl). Eger ol adam sorag`anın`dı pitkermeytug`ın bolsa o`z baxtın`nan ko`r, ol adamnan o`kpeleme. Sen og`an o`kpelegenin` menen ol sennen qorıqpaydı, ol seni ko`zine ilgende edi, qa`jetin`di pitkeriwdi ra`wa ko`rer edi. Eger qa`jetin` tu`sken kisi on`bag`an, pa`s adam bolsa, onın` sap-saw wag`ında onnan hesh na`rse soramag`ıl sebebi na`kes ashko`z on`bag`an adamlar ma`slik waqtında saqıy bolar, olar ekinshi ku`ni pushayman qıladı. Eger bir na`kes sıqmar, pa`s adamg`a isin` tu`sse, sen o`zin`di reyimli jerdemen dep tu`singil. Sebebi, u`sh tu`rli adamnın` halına rehimlik qılıw kerek: Biri – aqıllı adamnın` aqılsız adamg`a mu`ta`ji tu`sedi, ekinshisi - a`zzi adam moynı ku`shi adamg`a iyiledi, u`shinshi – ken` peyilli adamnın` na`kes, pa`s adamg`a mu`ta`ji tu`sedi.

A`y perzent, eger sen jomart kibi ha`reket qılg`ın` kelse, a`wel jomartlıqtın` ne ekenin ha`m onın` kayaqtan kelip shıqqanlıg`ın bilgil. Adamnın` qa`siyetinde u`sh na`rse bardur. Bul u`sh na`rsenin` biri – aqıl, biri –duwrılıq, biri – jomartlıq (adamgershilik, saqıylıq, qolı ashıqlıq).

Jomartlıqtın` tiykarg`ı u`sh na`rsedur: biri aytqan so`zin`di o`zin` orınlasan`, ekinshisi, duwrılıqqa qılaplıq qılmasan`, u`shinshisi qayırdı esin`de tutsan`, umıtpasan`.

Bilgil, jomartlıq bir neshe ho`neri bolg`an adamg`a ılayıq. Bul ho`nerlerden biri – qorıqpas ma`rt, sabırlı, shıdamlı, wa`dege opa qılıwshı, sap ju`rekli, durıs so`zli bolıwdur. Ja`ne biri, - o`z ma`pin go`zlep qullarg`a azap bermew, olardı qollap-quwatlaw, a`zzilerge ma`det beriw, jamanlardın` jamanlıg`ınan jaqsılardı qorg`aw, duwrı so`z so`ylew ha`m a`dil bolıw, jaqsıg`a jamanlıq qılmaw ha`m zıyan bermew, yag`nıy adamlarg`a zıyan ha`m za`lel jetkizbew. Bularg`a dıqqat etip qarasan` bulardın` ha`mmesi u`sh qa`siyet penen baylanıslıdur.

Eger ma`rtlik – jomartlıq jolında ju`rmekshi bolsan`, ha`mme waqıt u`sh na`rseden saqlang`ıl: ko`zdi jaman na`zerden, qoldı jaman isten, tildi jaman

so`zden. U`sh na`rseni dos ha`m dushpang`a ashıq uslag`ıl: u`y esigin, da`sturxan basın ha`m kisen`nin` (qaltın`nın`) bawın.

Hesh jalg`an so`yleme, na`ma`rt jalg`an so`yleydi. Eger ha`r bir adam senin` ma`rtligin`e-jomartlıg`ın`a isense, eger ol a`ziyz, hu`rmetli adam bolsa da sag`an o`zin ta`silim etkeni ha`m ba`rshe xalıqtın` aldında senin` ma`rtligin`e-jomartlıg`ın`a isener bolar. Janın` barınsha ha`reket etip ma`rtlik-jomartlıqtı iyelegil. Ha`m ja`ne ha`rgiz etken is boyınsha o`sh almag`ıl, qıyanet qılıwdı oylamag`ıl: sebebi, qıyanet qılıw-ma`rtlik, jomartlıq emes.

Bilgil ma`rtlik-jomartlıqtın` jetilisken sonnan boladı: ol o`z mal-mu`lkin o`ziniki, basqanın` mal-mu`lkin basqanıki dep biledi. Xalıqtın` mal-mu`lkinen da`me etpegil. o`z qolın` menen qoymag`an na`rseni almag`ıl. Xalıqqa jaqsılıq qıla almasan` da jamanlıq qılmag`ıl.

Xalıqshıl, xalıq penen birge bolıw, xalıqtın` mun`ın mun`law, jırın jırlaw, ko`pshiliktin` kewlinen shıg`ıw bul tek ideya g`ana emes, al sonın` menen birge a`deplilik te bolıp esaplanadı. Sonın` ushın «Xalqı sıylag`an qalıy bolmas» deydi babalarımız. İnsan adamlar arasın da, ja`miyet ortasın da o`zinin` ma`pi menen baylanıstırıwı tiyis. Ol xalıqqa, xalıq og`an tu`siniwi kerek. Onın` ushın ha`r bir kisi xalıqtın` kewil ku`yin barlıp, baqlap ha`m sezip barıwı kerek. Onın` ku`n ta`rtibine qoyg`an sorawına juwap tabıwg`a ha`reket etiwi sha`rt. Onın` ushın u`lken revolyutsiyalar qılıw za`ru`rli emes. Ol sol ko`shenin`, sol ja`ma`a`ttin`, sol qon`sı-qobalardın` ma`plerinen shıqqan talaplar bolıp esaplanadı. Ol talaplardı birden orınlap taslaw da za`ru`rli emes, al onı jarıqqa shıg`arıp, onı ko`pshilikke jetkizip, onı jırlap barıw da xalıqshıllıqtı ta`miynleydi.

Adam ku`shli, bilimli, ilimli adam bolıwı mu`mkin. Leykin onın` adamıylıq qa`siyeti tek o`zin su`yiw, o`zine xızmet etiw emes, ha`mmege xızmet etiw. Juldızday jarqırap ha`mmege nur shashıwg`a urınbasa, ol insan bola almaydı. Sonın` ushın xalıq durıs aytqan:

Xalıqtın` jaqsı ha`m jaman ta`replerine dıqqat sal, olardın` paydalı ha`m zıyanlı islerin ha`m bul islerdin` qanday na`tiyje beriwin qarap bar, onnan keyin

o`z ma`pin`di tala pet ha`m qaysı na`rsenin` xalıq ma`pine jaqın turg`anın u`yren. Mine, usınnan aqıl ha`m o`ner u`yrenip ba`lent ma`rtebege eris. Bul is, sende eki na`rse menen payda boladı. Ya bilgen o`nerin`e jarasa is qılıw jolı menen yaki bilmegen o`nerdi u`yreniw jolı menen. Sebebi, Sokrat ha`kim aytıptı: O`nerden jaqsı na`rse joq, ha`m bilimnen ullıraq na`rse joq, ar-uyattan jaqsıraq bezew joq, peyli qaralıqtan jamanlıq dushpan joq. Bir saat ta biykarg`a o`tpesin, sonda g`ana o`ner u`yrenesen`.

Ata-anag`a xızmet ullı pa`ziylet,

Dossız adam japraqsız darax.

Adamzat o`zinin` en` a`jayıp qa`siyetin, yag`nıy ata-ananın` aldında perzentlik parızın ha`mme waqıtta, hu`rmet penen atqarıp kiyatır. Bul onın` ma`deniyatlılıg`ının`, adamıylıg`ının` belgisi retinde ayırılıp turadı. Perzent u`lken be, kishi me, ha`mme waqıt ata-anasının` xızmetinde. Ata-ana aldında sharapatlı parızdı umıtıw, og`an biypa`rwalıq etiw insan aldında ju`da` u`lken qıyanet bolıp esaplanadı.

Adamnın` ha`r birinin` ata-anası bar ha`m bolg`an. Sebebi, ata-ana olardın` du`n`yag`a keliwinin` birinshi sebepshisi. Bala onın` o`mirinin` jalg`ası. Bala ushın o`zin qıyg`an, ba`rin bergen, kerek dese janın bergen. Sebebi, bala ata-ananın` etinen jaralg`an, ko`zinin` qarashıg`ı, belinin` ma`datı, kewlinin` xoshı.

Qaysı bir xalıq bolmasın, o`zinin` turmısındag`ı qa`siyetli so`zlerin, iygilikli islerin ananın` atı menen baylanıstıradı. Qolına qalem alıp, xat tanıp baslag`an bala aldı menen ana degen so`zdi jazadı. Jazıwshılar menen shayırlar, oyshıl danalar o`zinin` en` jaqsı degen miynetlerin aldı menen anag`a arnag`an.

Ha`kim Ulıqpan o`zinin` kitabında patsha Anshuerwan A`dildin` o`zinin` dana wa`ziri Buzurgmehrge bergen sorawında ha`m onın` juwabında da ananı a`lpeshlew ko`rsetilgen. Ol «qudaydın` kewlin qalay tabıwg`a boladı?» dep sorag`anda onın` wa`zirn` Ata-anan`dı shad qılıw menen degen eken.

Dossız adam japıraqsız daraqqa megzeydi. Danalarımız onday adamlardı bir o`mir baxıtsız dep esaplag`an. Haqıyqatında da o`mir gu`l sha`ninde japıraqsız daraqtın` sa`ni bolar ma? Dossız jannın` go`zzallıg`ı bolar ma? Joq.

Ata-ana, tuwısqan-tuwg`anlar menen birge turıms mashqalaların bo`lisip, quwanıshın`a quwanısh qosatug`ın doslıqtın` sha`shme-bulag`ı mudamı adam janına ruwxıy ku`sh-jiger bag`ıshlap turadı.

Turmısta, adamlar arasında, uzaq ma`nzillerle, ha`tteki jat jurtlarda da adam o`zine sadıq dos izleydi, onı tabadı da. Sonlıqtan xalqımız «mın` somın` bolg`ansha, mın` dostın` bolsın» degen. A`lbette, o`zinin` ken` peyilligi, jaqsı ma`mlesi, ko`z-qarası ja`ne adamgershiligi menen tuwra keletug`ın adamlar inaqlasıp dos boladı. «Dostın` kim, sonnı ayt, men sag`an senin` kim ekenligin`di pytaman» degen de so`z bar. Demek, dos o`zin`e ruwxıy jaqın oy-pikiri usıg`an, o`zi menen maqseti birdey, kewil sırları sa`ykes keletug`ın insanlardur.

Danalar aytqan: «İlimsiz adam jahıl, o`nersiz adam jalqaw, dostı joq adam baqıldur». Dostın`ızdı bahalay bil, dos-dosqa aynadur. Ol ırza bolsın desen` erisken tabıslarına quwanıp, qollap-quwatla, qıyın ku`nlerde birge bolıp, aqıllasıp ma`da`tkar bol. «Dos jılatıp aytadı, dushpan ku`ldirip aytadı».

Perzentim! Sonnı bilgil: adam tirisinde dossız bolmaydı. Adamnın` dossız bolg`anınan ag`asız-inisiz bolg`anı jaqsı. Bir danıshpannan «Dos daqsı ma, ag`a ma (biradar ma) dep soraptı Danıshpan: «Dos jaqsı» depti.

Sonın` ushın doslardın` isi tuwralı oyla, olarg`a sawg`alar jiber ha`m mu`riwbet qıl, sebebi ha`r kim o`z dosların yadta tutpasa, doslar da onı yadında saqlamaydı, aqıbetinde ol adam ha`mme waqta dossız qalatug`ın boladı.

Ha`mme waqıt dos tutıwdı a`det qıl, sebebi ha`r bir adamnın` dostı ko`p bolsa, ayıpları da bilinbeydi, jaqsı qa`siyetleri ko`beyedi. Biraq jan`a dos tapqanın`da eski dostın`nan keshpe, olardan ju`zin`di burma, sonda ha`mme waqıt dostın` ko`p bolar. Ma`selen, jaqsı dos adamg`a ullı da`wlet degen eken. Senin` menen dos bolıp ju`rgen adamlar haqqında oylap ko`r: birew yarım dos boladı, sondaylar menen jaqsı mu`na`siybette bol, olar menen ha`r tu`rli jaqsı ha`m jaman ma`selelerde doslas, o`ytkeni olar sennen ko`p jaqsılıq ko`rse, keyinrek a`ste-aqırın jan dostın` bolıp qalar.

Ma`selen, İskenderden: «Azg`ana pul arqalı sonshama ko`p ma`mleketti qanday jol menen o`zin`e qarattın`» dep soraptı. İskender: «Jaqsı qatnas ma`mile menen dushpanlardı o`zime qarattım, kelisim jolı menen doslardı jolg`a saldım, sol sebepli ko`p ma`mleketti iyeledim» dep juwap beripti.

Ja`ne bilgil, doslardın` dosları da senin` dosların`. İtimal, onın` ol adamg`a doslıg`ı senin` doslıg`ın`nan ko`birek bolg`an shıg`ar. Eger dostın` senin` dushpanın`dı jaqsı ko`rse, onday dostan abaylı bol, eger senin` dostın`a basqa bir dostın` dushpan bolsa, onnanda abaylı bol. Dos eger sennen sebepsiz o`kpelese, onın` doslıg`ınan u`mit ku`tpe, du`n`yada onnan ayıplıraq, onnan jamanıraq, adam bolmaydı. Du`n`yada kemshiliksiz adam bolmaytug`ının bil, biraq sen saqawatlı, miyrim shapa`a`tli bol, sebebi saqawatlı, miyrim-shapa`a`tli adamlarda kemshilik kemirek boladı. Mu`riwbetsiz pa`ziyletsiz dos tutpa, bunday adamnın` qa`siyeti bolmaydı. Bunday adamlardı nan dosları qatarına kirgiz, jan dosları qatarına kirgizbe, sebebi olar ar-namıs dostı emes nan doslarınan bolıp esaplanadı.

Jaqsı menen jaman adamdı bilgil, ekewinede doslıq qıl, jaqsılarg`a kewil menen, jamanlarg`a til menen doslıq qıl. Sonın` menen bul taypa sag`an doslıq penen qaraydı, sebebi adamnın` qa`jeti tek dosqa g`ana tu`speydi, adamnın` jumısı za`ru`rlikten jamanlarg`a da tu`sip qalatug`ın waqıt boladı. Demek, bul eki taypanın` da doslıg`ın o`zin`e qaratıp al.

Aqılsız adamlar menen ha`rgiz dos bolmag`ıl, aqılsız dos sonday is qıladı, onı aqıllı dushpan qıla almaydı. Ma`rt ken`peyilli, mu`riwbetli, ilimli, wapalı adamlar menen dos bolg`ıl, sen o`zinin` mu`riwbetin`, miyrim-sha`pa`a`tin`, ilmin` menen belgili bolg`aysan`. Mu`riwbetsiz, miyrim-sha`pa`a`tsiz, ilimsiz adamlar menen otırmag`ıl, bunday adamlar menen otırıwdan jalg`ızlıq jaqsı. Sag`an ayıp taqpawı ushın doslardın` haqın hesh biykarg`a jibermegil.

Adamlardı eki toparg`a bo`lediler: birewi-doslardın` haqın biykarg`a jiberiwshiler, ekinshisi-jaqsılıqtı jaqsı dep biliwshiler. Bilgil dos bolıwıg`a ılayıq adamdı eki na`rse menen biliwge boladı: biri-dostın`a mu`shkil is tu`sken wag`ında du`n`ya malın onnan ayamaydı ha`m ka`mbag`allıq wag`ında onnan

betin burmaydı, dostı bul du`n`yadan o`tken son`, dostın`nın` balaların, ag`ayın-tuwısqanların shaqırtıp alıp olarg`a jaqsılıqlar qılar ha`m ha`rwaqta dostının` qa`birine barıp ziyarat eter ha`m jılap duwalar qılar. A`y perzent, adamlar ko`z qarasınan pikirinen g`apıl bolmag`ıl. Eger senin` mın` dostın` bolsa, sırttan qarag`anda ha`mmesine sennen dosıraq adam bolmag`anday bolsın. Dostı mol ko`pshilik sır aytıw awqat ha`m qısqa qollıq payda, ha`m zıyan menen sınap ko`r. Bir dostın` senin` dushpanın` menen dushpan bolmasa onı dos demegil, ashna (tanıs) degil. Dostın`a doslıq waqtında bir na`rse u`yretpegil, sebebi waqıt kelip dostın` sag`an dushpan bolıp qalsa u`yretkenin` o`zin`nen bolar, pushayman jersen`. Jarlı bolsan` da`wletli menen doslaspag`ıl, sebebi jarlını heshkim dos etpeydi, a`sirese du`n`ya-malı barlar jaman ko`redi. O`zin`e ılayıq dos izle. Eger sen da`wletli bolsan` jarlını dos etsen`, rawadur. Biraq xalıqtın` doslıg`ına kewlin`di durıs usla, sonda ha`mme islerin` duwrı boladı. Eger dostın`nın` kewli hesh sebepsiz sennen qalsa, onın` kewlin qaytadan alıwg`a ha`reket etpegil, ta`mego`y, giyneli, qızg`anshaq kekshil dostan uzaq bolg`ıl onın` doslıg`ı haqıyqıy emesdur, ba`lki da`medar bolıp sennen bir na`rse alıw ushındur. Birewdi ko`re almaytug`ın, qızg`anshaq adamlar menen dos bolmag`ıl, o`kpe giyneshil, ishi tar doslıqqa ılayıq emes sebebi qızg`anshaqtın` qızg`anıshı hasla ketpeydi ha`m ha`mme waq sennen narazı boladı ha`m o`kpeli boladı.

## 6. Qabusnamadag`ı miymandoslıq ma`selesi

Miymandoslıq bizin` xalqımızdın` su`yegine sin`ip qalg`an da`stu`rlik a`debi. Miymang`a u`ydin` to`ri nannın` ısısı. Eger olay bolmasa senin` adamıylıq qa`siyetin`e ta`sir etedi dep tu`siniledi.

Miymansız u`y kewilsiz. Sonın` ushın miyman kelse quwanısadı, tapsa malın soyadı, qon`sı-qobasın shaqırıp olardın` da kewlin aladı. U`ydin` tutqası, oshaq baslıg`ı kelinshek tapqan mazalı na`rselerin miymang`a jıynaydı. Sebebi «miyman az otırıp, ko`p sınaydı». Ol erten`gi sol u`ydin` aynası, geyde ol u`ydin` jaqsı jamanın aytıp ju`redi, bahalaydı. «Balalardın` jaqsısın», «o`zlerinin` tatıwın ayt» degen so`z ha`r bir jubay ushın ba`rinen de qımbat. Sonlıqtan miymannın` kewlin tıbaw a`hmiyetli is.

A`y perzent, bilgil, ha`r ku`ni biytanıs adamlardı miyman qılmag`ıl, sebebi ha`r ku`ni qonaq shaqırsan`, miymang`a ılayıqlı islerdi kewil tolg`anday etip isley almaysan`, kewlin`nin` ha`r ayda neshe ret miyman shaqırg`ısı keletug`ının ko`rgil. Eger kewlin` u`sh ret qonaq shaqırg`ısı kelse, bir ret shaqırg`ıl, u`sh ret jumsaytug`ın ga`rejetlerdi bir rette jumsag`ıl, bunın` menen da`stu`rxannın` kemshiliksiz boladı, min tag`ıp keteug`ınlardın` tili baylawlı boladı.

Miymanlar u`yie qa`dem qılsa, sen ha`mme waq o`z adamların` menen olardın` aldına shıqqıl, jaqsı so`z benen qarsı al. Sonda olar sag`an minnetdarlıq bildiredi. Eger jemis piskenwaqta bolsa, awqattan burın miywe a`kelgil, su`ysinip jesin. Biraz sabır et. Onnan keyin ba`rshe adamlardı otırg`ız, o`zin` otırma, miymanlar ba`ri birge awqam bolıp awqat jesin… Qonaqlar otır dese, mag`an qarama, men sizlerge xızmet eteyin dep aytqıl. Eger ja`ne ta`krarlap aytsa, onnan keyin otır. Olardın` razılıg`ın alg`ıl ha`m ha`mmeden to`mende otırg`ıl, «A`y pa`lenshe, awqattan jaqsılap alın`, hesh na`rse jemedin`, men sag`an ılayıq hesh na`rse isley almadı, quda qalese keyin bunın` kemisin du`zeymen» dey berme. Bul so`z ullıra, abıroylı adamlardın` so`zi emes, ba`lki bazarshılardın` ha`m ta`rtipsizlerdin` so`zidur. (Bunday adamlar birneshe jalda bir ret qonaq shaqıradı). Bunday so`zlerden miymanlar qısınadı, awqat jemeydi,

miymandarshılıqtan toymastan turıp ketedi. Bizin` Gilanda jaqsı a`detlerimiz bar, miyman shaqırsa, da`stu`rxan jayıp tag`amlardı a`kelip qoyadı ha`m gu`zelerde suw a`kelip da`stu`rxannın` shitine qoyadı ha`m ha`mme miymanlardı da`tu`rhannın` do`geregine otırg`ızıp o`zleri shıg`ıp ketedi, bir adam tabaq keselerdi jaylastırıp qoyıw ushın qaladı. Miyman awqattan qalegenshe jeydi, onnan keyin u`y iyesi, otırıwg`a keledi. Arab xalqının` da`tu`rxanıda usındaydur.

Miymanlar awqatlanıp bolıp qol juwg`annan keyin a`tir ha`m gulab a`kelip otırıspanı xosh iyisli qılsın. Miymanlardın` xızmetshisi ha`m xızmetkerlerine jaqsı hu`rmet ko`rset, sebebi olar jaqsı atın`dı shıg`aradı. Otırıspag`a shiyrinliklerdi ha`m jemislerdi ko`p a`kel ha`m xosh hawaz hapızlar, sazendelerdi de otırıspaqqa shaqırg`ıl. Sharaptı da tayar etip qoyg`ıl, sebebi miymanlar awqattan keyin sharap iship, saz esitip, qosıq tın`lasa waqtı xosh boladı.

Demek, a`y perzent, miymang`a minet qılmag`ıl, ashıq ju`z benen so`ylegil. Kim senin` miymanın` bolsa ol shadlıq penen awqatın`dı jesin. Biraq o`zin` sharaptı az ishkil, miymannan a`wel ma`s bolmag`ıl ha`m ha`mme waqıt ashıq ju`zli, waqtı xosh bolıp ju`rgil. Biraq biyhuwda ku`lme, ko`p ku`liw jillinin bir tu`ridur, az ku`liw siyasat ha`m sabır-shıdamnın` bir tu`ridur. Biyhuda ha`m waqıtsız ku`lki kewilsiz, jag`daysız waqıtta boladı degen eken.

Miymanlar ma`sbolg`annan keyin ketkisi kelse, bir-eki ret sıpayılap, kishipeyillik etip ketpen` dep o`tinish et, u`shinshi ret ketemiz dese, onda shın kewilden ruxsat ber. Eger xızmetshilerin` bir qate qılg`an bolsa, miymannın` aldında qabag`ın`dı u`yip, olarg`a keyime, qa`tesin keshir. Eger miyman sag`an qattı ga`p aytsa, og`an qattı so`z aytpa, qayta xu`rmet saqla.

Bir hikaya esitkenmen, Xalifa Muqtasim bir gu`nakardı o`z aldına a`kelip o`ltiriwdi qa`leydi. Ol adam (gu`nakar): «A`y miralmu`minin, quday ushın meni bir kese suw menen miyman qıl, sebebi men ju`da` sho`llegenmen, onnan keyin ne qa`lesen`»-dedi Xalifa Muqtasim jan`ag`ı anttı xu`rmet qılayın dep og`an suw bergizdi. Ol adam suwdı iship bolg`annan son` arab a`deti menen bılay dedi:

«Alla taala sag`an miyrim» sha`pa`a`t qılsın. Ya, a`miralauminin, endi bir kese suw menen senin` miymanın` boldım. Mu`riwbet menen buyırg`ıl, eger miymandı o`ltiriw lazım bolsa, meni o`ltirsin. Eger a`piw etsen` men senin` aldın`da ba`rshe gunah ushın ta`wbe qılaman». Muqtasim ayttı: Duwrı aytasan`, miymannın` jolı ullıdur, endi gu`nan`dı a`piw ettim, sen de ta`wbe qılıp bunnan keyin nadurıs jolg`a hesh qa`dem qoymag`ıl». Demek, a`y perzent, ha`r kimdikine miyman bolıp bara berme, sebebi ol sawlatın`a zıyan keltiredi. Eger bir jerge miyman bolıp barsan`, ko`p ash bolıp barmag`ıl, qattı toyıp barmag`ıl, awqat jemey sebep aytıp otırsan`, u`y iyesi qıynaladı. Eger awqattı ko`p jesen`, xalıqtın` ko`ziinshe jaman ko`rinesen`. Qonaq u`yge kirsen`, ha`tteki jaqın dostın`diki bolsa da, o`zin`e ılayıqlı jerde otır ha`m awqat sharap u`stinde buyrıq ta berme, yag`nıy qonaq u`ydin` xızmetshilerine: «A`y pa`lenshe, ol u`y menin` o`z u`yim tabaqtı bul jerge qoy, basqalardın` awqatı, tabag`ına qol urma»- demegil. o`z xızmetshilerin`e bir bo`lek nanda alıp bermegil, qonaq u`yden bir na`rse alıw uyat dep aytqanlar.

**7. Qabusnamadag`ı miynettin`roli haqqında**

«Miynet baylıqtın` atası. Jer onın` anası» deydi ertedegi ekonomistler. Adamnın` adam bolıwında da miynet birinshi orındı atqarg`an. Adam miynetti miynet quralların jetistiriw arqalı o`sip, o`zgerip, rawajlanıp, jetilisip otırg`an. Sonlıqtan da ja`miyettin` o`zgeriw tariyxın miynettin` ha`m miynet qurallarının` o`zgeriwinin` tariyxı dese de bolar edi.

Ha`r bir ja`miyette miynet o`zgeshe bir a`hmiyetli orındı iyeleydi. Sonın` ushın ja`miyetti basqarıwshılar, hu`kimet ha`m ma`mleket basshıları en` da`slep eldegi miynetti sho`lkemlestiriw haqqında oylanadı ha`m basqaradı. Demek, ha`r bir adam o`zinin` ja`miyetinin`, o`zinin` za`ru`rligi boyınsha miynet qılıp, qanday da paydalı isti iske asırıwı kerek. Al o`zinin` za`ru`rligi ushın basqalardın` miynetinen paydalanıp, miynet qılmay jasaw bul biya`deplik, teginxorlıq, olardın` «tayarg`a hayyar» bolıp miynetten qashıwı onın` keleshegin o`ltiredi. Onı haram tamaq dep ataydı. Sebebi «Jawın menen jer ko`gerer,

miynet penen er ko`gerer» dep durıs aytqan. «Awırdın` u`stine shıg`ıp, jen`ildin` astında ju`retug`ın adamdı da ja`miyetimiz jaqtırmay og`an «Xosh jaqpas» dep belgileydi.

Miynet penen tabılg`an tabıs bereketli boladı. Sonın` ushın xalqımız bereket haqqında tu`siniklerdi miynet penen ha`m na`psi menen baylanıstıradı. «Ha`rketke bereket» yamasa «Bereket darısın», «Bereket berisin ko`p bersin, esesin alla jetkersin», «Bereket tap» sıyaqlı so`zler sharapatlı so`zler bolıp, bir ta`repten tilek bolsa ekinshi jag`ınan patiya xızmetin atqarıp adamlardın` bir-birine qatnasında qayırlılıq, pa`klikti ko`rsetedi. Miynet malın hadal jol menen tawıp ko`zge tu`sken adamlarg`a yamasa jaslarg`a «Ba`rekella» dep yamasa «Ba`rekella balam» dep xoshametlew de haq niyetlilikti ko`rsetedi. Solay bolsa «Bereket», «Ba`rekella» degen so`z benen tikkeley baylanısıp, «Alla bereket bersin» degen tilek penen ushlasıp baradı. Al bereketli u`y, bereketli is, bereketli atız bul kewildegidey zatlar bolıp, adamlar onı u`lgige qoyg`an ha`m onın` awızbirshiliktegi, o`nimliliktegi a`hmiyetin joqarı bahalag`an.

Eger aqılın` bolsa o`ner u`yren, sebebi o`nersiz aqıl-lipassız ta`n` yaki bet-a`lpeti joq adam sıyaqlı. Bilim – bul aqıl belgisi degen ekenler.

Perzentim! Eskertemen, o`nersiz kisi ha`mme waqıt paydasız bolar ha`m hesh kimge paydası tiymeydi. Denesi tap sayası joq, tikeni mug`ilan o`simligine usaydı, o`zine de, o`zgege de paydası tiymeydi.

Bilimdi u`yreniw ushın miynet etiw, bedendi jalqawlıqtan qutqarıw paydalı, sebebi jalqawlıq is jaqpaslıq bedennin` buzılıwına, keselleniwine sebepshi boladı. Eger miynet etip bedendi o`zin`e boysındarmasan` saw-salamat ha`m ba`lent ma`rtebeli bola almaysan`, sebebi beden ha`rketsizlikti, ra`hatti dos tutqanı sebepli, o`z ıqtıyarı menen sag`an boysınbaydı, sonın` ushın da beden o`z-o`zinen ha`reket qılmaydı, ol ha`reketti buyrıq penen qıladı ha`m sen buyırmag`ansha, bedennin` hesh isi kewilli bolmaydı.

Demek, a`y balam, bedendi boysındır ha`m onı qa`ha`r menen itaat qılıwg`a ha`mir et, ha`r bir adam o`z bedenin boysındıra alsa, o`zgelerdin`

bedenini de o`zine qarata aladı. Ha`r adam o`z bedenin o`zine boysındırsa, ilim-bilim ha`m o`ner u`yreniw menen eki du`n`yada baxıt tabadı.

Ba`rshe ka`siptin` arasında ilimge talaplı bolsan` itiyatshıl qa`na`a`tshil bolg`ıl. İlimdi dos dep, al bos o`tken o`mirdi dushpan bilgil. Sabırlı, shıdamlı bol, shurt minez bolmag`al, Kesh jatıp erte turg`ıl, kitapqa ha`m sabaqqa berilgil, isten zerikpegil, yadlag`ıl, ta`krarlag`ıl, haqshıl bolg`ıl, neni esitsen` esin`detut, eliklewge razı bolma, kitap, qa`lem, qa`lem shıg`arg`ısh ha`m sog`an uqsas na`rseler ha`mme waq qasın`da bolsın ha`m bulardan basqa na`rselerdi yadın`da hasla keltirme. Az so`ylegil, uzaqtı oylag`ıl. Eger ha`r bir ilimge talaplı adam usınday ta`biyatlı ta`rtipke bolsa tez waqıttın` ishinde, da`wirinin` birden-bir bilimli adamı bolar.

### 8. Qabusnamadag`ı deneni taza uslaw ma`selesi

Monshag`a tu`siw adamzattın` azanda jasaw a`detinen tuwılg`an onın` u`lken jetiskenligi. Eger bonsha bolmasa adamlar ıssı suw menen barlıq denesin tazalap onnan kirlerdi ketirip, artıq duzlardı shıg`arıp, terisinin` dem alıw tesiklerin ashıp turmag`anda ol uzaq jasamag`anda bolar edi.

Sonın` ushın adamlar monsha salıwdı birinshi orıng`a qoyıp, onın` tu`rlerinde ko`beytken. Mısalı, tu`rk monshası, orıs monshası, fin monshası, a`piwayı monsha t.b. Monshag`a tu`siw adamlardın` ko`terin`kiligin tuwg`ızg`an. Olar og`an o`z waqıtların adayıda bo`lip, og`an ta`rbiyalanıp, awqattı jaqsılap pisirip, taza sazlap, kewilliliklik penen birge barg`an.

A`y perzent, bilgil, monshag`a barıwdın` kerekligin sezsen`, qarnın`nın` toq waqtında barma, bul zıyanlı… Biraq monsha bul jang`a ra`ha`t ha`m jag`ımlı na`rse, alımlar monshadan basqa jaqsı na`rse joq dep biledi. Biraq sonday bolsa da monshag`a ha`r ku`ni barıwdın` paydası joq, ba`lki zıyanı bar, sebebi adamnın` su`yeklerin, bedenlerin jumsaq qılıp jiberedi ha`m qattılıg`ın jog`altadı. Sonnan keyin adam ha`r ku`ni monshag`a barıwdı a`det etedi, eger bir ku`n barmasa adam o`zin awırıwday sezedi, xa`mme mu`shelerin qatıp qalg`anday sezedi. Sonan` ushın monshag`a bir ku`n barıp, bir ku`n barmag`an jaqsı, sebebi beden tınıshlanadı.

Monshag`a jazda barsan` da, qısta barsan` da a`wel suwıq bo`lmede otırıp, bul bo`lmede bedenin` ra`ha`t tapsın, keyin ortadag`ı bo`lmege kirip onda bir saat otır, sonda g`ana ıssı bo`lmenin` de paydasın (qa`dirin) bilesen`. Issı sag`an ta`sir etkennen son`, awlaq bo`lmege kirip sonda juwın.

Monshada ko`p waqıt bolma. Issı suwg`a otırma, ko`p ıssı ha`m ko`p suwıq suwdı basın`nan quyma, orta da`rmiyan suwdı quy. Eger monsha bos bolsa, onı u`lken baxıt dep bil, sebebi aqıllı adamlar bos monshanı jolı bolg`an adamnın` isinin` on`ınan kelgeni dep bilgen.

Monshag`a qanday kirgen bolsan`, sonday shıg`ıp ket ha`m shashların`dı su`rt, sebebi ho`l murt (shash-saqal) menen shıg`ıp jol ju`riw ullılardın` isi emes. Ho`l murt penen ullılarg`a sa`lemge barıw da a`depten emes.

Demek, sen monshanın` paydasın ha`m zıyanın bildin`. Biraq monshada suw ha`m sherbet ishiwden saqlan`. Bunın` zıyanı ko`p. Sarı suw keseli sonnan payda boladı. Eger ju`da` qumartsan` ha`m sho`llegen bolsan` azg`antay ish, bunın` menen qumarlıq ha`m sho`llegenlik ketedi. Aqıllı adamlardın` a`deti sonday: monshanın` kiyimxanasında biraz uyıqlap almag`ansha monshadan shıqpaydı.

İnsan o`mirinde awqatlanıwdın` a`hmiyeti o`z aldına. Sonlıqtan «as adamnın` arqawı» degen danıshpanlar. Biz awqatlanıwdın` payda zıyanı haqqında ko`p oqıg`anbız da, ko`p esitkenbiz de. Degen menen awqatlanıwdın` da u`lken a`deplilik ekenligin este tutpag`ımız lazım. Belgili Shıg`ıstın` shayırı Saadiy Sheraziy ta`riyplegenindey, awqatlanıw payıtında adam ha`r ta`repleme sınnan o`tedi.

«Ko`p jeme awzın`nan shıg`ıp ketpesin,
Ash ju`rme janın`a o`tip ketpesin,
Awqattan denen`e keledi la`zzet,
Lekin artıq bolsa keltirer zahmet,
Asa toyıp ketip qarnın` awırsa,
Da`ri-darmaqlarda bermeydi payda».

Neshe mın` jıllar dawamında xalqımız turmısında awqatlanıwdın` o`zine ta`n` qa`liplesken qag`ıydaları bolıp, ol a`wladtan-a`wladqa miyras sıpatında o`tip kelgen. Bu`gingi ku`ni de sol pa`ziyletler o`mir su`rip jan`a turmıs qa`lpi menen suwg`arılıp kelmekte.

A`y perzentim, awqat tayar bolg`anda tabaqlasların`dı shaqır, olar senin` menen birge awqatlansın, biraq awqattı tez jeme, a`ste-aqırın jegil. Awqat jep

atırg`an wag`ın`da adamlar menen so`yles, biraq basın`dı to`men salıp otır, tabaqlasların`nın` qolındag`ısına qaramag`ıl.

Eger senin` aldın`da mazalı awqat turg`an bolsa, basqalardın` aldında bul awqat bolmasa, sol mazalı awqattan basqalarg`a da bergil. Awqat wag`ında qabag`ın`dı u`yip otırma, awqattın` jaqsı jaman bolg`anı ushın aspazg`a keyimegil: Mınaw awqatın` jaqsı, anaw awqatın` jaman demegil, sebebi bul so`z awqat u`stinde jaqsı emes.

A`lbette, bazı a`detler, qılıq-qılwalar a`deplilikke nuqsan keltirip, adamlardın` abıroyına, iskerligine zıyan keltiredi. Sonlıqtan onday a`detler turmısta turaqlı bolıwına baylanıslı xalqımız: «Awırıw qalsada, a`det qalmaydı», «U`yrengen a`det qalama, ko`tere ber mushın`dı» dew arqalı pa`s adamlardın` kemshiligin ko`rsetken ha`m onı minep, sınap otırg`an.

Sharap iship ma`s bolmag`ıl, sebebi qaytarında jolda sende ma`slik belgisi ko`rinbesin ha`m adamlar awhalın`dı bilmesin, ma`slikti a`rman qılsan`, o`z u`yin`de bol. Sen sharap ishken waqtın`da sag`an g`a`rezli adamlar qansha gu`na qılsa da olarg`a jaza bermegil, sebebi bunı heshkim jaza demeydi, bunı ma`slik penen qılıng`an ja`njel, shataqlıq deydiler. Ne qılg`ın` kelse, sharap ishpegen wag`ında qılg`ıl, bul shataqlıq emes. Jillilik tu`rli-tu`rli, da`bederlik, (sıyaqlı) tu`rli-tu`rli boladı, ma`slik bul (jillilik) ha`m da`rbederlikdur degen ekenler. Ma`slikte ko`p so`ylesen`, saw wag`ın`da jılasan` bul jililikdur. Demek, men sanap o`tken islerden saqlan. Biytanıs adamnın` ko`zinshe ma`s ha`m wayran bolma, o`z hayalların` ha`m qulların`nın` arasında ish. (Sharap ha`r tu`rli qılıqlardı oyatadı: ko`pler ma`s bolg`anında qolların shappatlaydı, ayaq tapıldatadı, ku`ledi, jılaydı, qosıq aytadı, mazalı awqatlar jeydi, a`n`gimelespeydi, so`ylemeydi, ma`nissiz, orınsız a`lpayımlıq qıladı, bulardın` ba`ri sharaptın` ta`siri yaki aqılsızlıqdur.

Sharaptı az g`ana iship sazendelerden tek jen`il nama talap etpe, olar sag`an ıshqıparaz ha`m ma`s dep ayıp taqpasın, biraq jaslarg`a jen`il nama jag`adı, olar sonnı talap etedi, o`zleri de sha`rtedi ha`m shert dep buyrıq beredi.

A`y perzent, ko`p adamlar, mazaq-jamanlıqtın` baslamasıdur degenler. Mazaq, yag`nıy u`yde aytılatug`ın so`z benen adamg`a tiyiwden awlaq bol. Ma`slik waqtında ha`zil qılma, sebebi jamanlıq ha`zilden kelip shıg`adı. Jaramas, iplas so`z aytıwdan uyal, a`sirese shatranj (shaxmat) ha`m nard oynag`an waqtında aytpag`ıl, sebebi eki adamnın` ortasında ja`njel payda boladı. Pul tikpey oynaw a`deplidur. Eger (shaxmat) oynawdı jaqsı bilse de qumarpazlıqtan at shıg`arg`an adam menen oynamag`ıl. (Eger oynamaqshı bolsan` o`zin`e qarag`anda ataqlı ha`m hu`rmetli adamlar menen oyna).

Ha`zil ayıp bolmasa da ha`zilden ixtiyat bol. Ha`zil qılıw mu`mkin, biraq jaramas so`z aytıw jaman. A`y perzent, o`zin`nen to`menirek kisi menen ha`zilles, bolmasa ha`zillespe, sebebi o`zin`nin` izzetin`di saqlap qalasan` yamasa qatarların` menen ha`zilles sebebi juwap qaytarg`anda ayıp bolmaydı. Uyat so`zlerdi aytpa, ha`dden tısqarı ha`zillespe, sebebi ol adamdı ko`r ha`m qa`dirsiz qıladı. Xalıqqa ne desen`, sonı esitesen`, xalıqqa ne qılsan` sonı ko`resen`. Biraq heshkim menen urıspa, sebebi urısıw aqıllı ha`m qu`dretli adamlardın` isi emes, jas balalardın` isidur.

Eger bilmey qalıp, tosattan birew menen urıssan`, awzına kelgen buzıq so`zler menen aqıret so`zlerdi aytpa, jasawg`a jay qalg`anday etip urısqıl, birden uyatsızlıq qılma, sebebi bunday is shawqımshılıq adamlardın` ha`m atabiyzardın` a`deti. A`dettin` jaqsırag`ı a`lpayım, a`piwayı bolıwdur.

Ko`p uyıqlaw jaman a`det, sebebi bedendi bosan` qıladı, ta`biyatın`dı buzadı, saw ju`zdi keselge uqsatadı. Altı na`rse adamg`a jetisse onın` ju`zin o`zgertedi: biri-ku`tilmegen shadlıq, ekinshisi-birden kelgen qapalıq, u`shinshisi-qa`ha`r-g`a`zep, to`rtinshisi-uyqı, besinshisi-ma`slik, altınshısı-g`arrılıq. Adam qartaysa ju`zi o`zgeredi, biraq bul o`zgeris basqa tu`rge enedi.

Biraq ha`mme na`rsenin` o`lshewi bar. Ma`selen, danıshpanlar ku`n ha`m tu`n jigirma to`rt saat boladı, u`shten eki bo`leginde uyıqlamay sergek bolsan` bir bo`legin uyıqla, dep aytqan. Segiz saat u`y islerine, segiz saat quwanısh ha`m ra`ha`tke, shadlıq-qurramlıq qılıwg`a, segiz saatı on altı saatlı miynet penen

sharshag`an mu`shelerge dem beriwge arnalg`an. Mu`sheler ha`reketten tınısh tabıwı za`ru`r.

An`qaw-nadanlar bolsa usı jigirma to`rt sattın` yarımın uyqı menen o`tkizip, yarımında sergek boladı, bosan` adamlar (ku`n-tu`nnin`) eki bo`leginde, uyıqlap, bir bo`leginde basqa isler menen mashqul boladı. Aqıllılar bir bo`legin uyqılap, eki bo`leginde sergek boladı.

Tu`ngi uyqını ku`ndizgige aylandırıw aqıllılıq emes. Bilimli adamlar jazdın` ıssı gezlerin tu`s waqlarında dem alıwg`a baradı yamasa uyıqlaydı. Qısqası, biz o`mirimizdin` ko`p bo`legin sergeklikte o`tkiziwimiz kerek, sebebi aldımızda pitpes-tawsılmas uyqı bar.

Adam du`n`yag`a eki ret keledi - deydi danalar. –Birew tuwılg`anda, ekinshisi u`ylengende. Haqıyqatında da ku`yew bolıw jigittin` en` shadlı, en` quwanıshlı, en` baxıtlı ku`ni. Bul ku`n adamg`a o`mirinde bir ret keledi. Onın` ushın ol ku`nge ha`r bir jigit puxta uzaq tayarlanıwı kerek. O`mirlik joldasın asıqpay albıramay tan`lawı, onın` minez-qulqın u`yreniwi, adamgershiligin, miyirbanlıg`ın tu`siniwi jetiskenligin ha`m kemshiligin bilip alıwı kerek. Bul ma`selede ko`rse qızarlıqqa salıp, bir ko`rgennen jan berip, ku`yip janıp u`yleniwge urınbaw kerek.

Hayal almaqshı (u`ylenbekshi) bolsan` onın` du`n`yasın soramag`ıl. Ha`dden tısqarı xoshrey, sulıw qatın almag`ıl, sebebi ol mashıq (oynas) tutadı. Hayaldın` ta`biyatı taza dili taza bolsa, erkekke dos bolar.Uyatlı o`zin uslay alatug`ın du`n`yanı jaqsı saqlawshı bolıwı lazım. Aytqan eken: jaqsı qatın erinin` ha`m o`mirinin` ra`ha`ti bolar dep. Dos bolmag`an, u`y ruwzıgerdi bilmeytug`ın qatınnan qashqıl. Er ha`m qatın ekewi u`y-ruwzıgerdi jaqsı bilse, tezden bir-birine baylanadı. Qız erjetkende aqllı bolıwı, anasının` u`ybiykesi, atasının` xojalıq baslıg`ı ekenin ko`rgen ha`m bilgen bolıwı lazım. Eger bunday na`za`lim qızdı tapsan`, toqtawsız tezden u`ylen. Bunday hayalg`a ku`nshillik qızg`anıshlıq qalıwg`a ha`reket qılmag`ıl. Egerde sen hayalın`dı qızg`anbasan`, og`an ayıp taqpasan`, bilgil, hayalın` sag`an ata-anasınan da mehiriybanıraq bolar ha`m sag`an onnan artıq dos adam bolmaydı. Eger onı qızg`ansan`, ol

sag`an dushpannan da dushpanıraq bolar, onın` aldında biytanıs dushpan hesh na`rse qıla almay qaladı. Eger qız alsan`, qanshama jaqsı ko`rsen` de, ha`r aqsham onın` menen jatpag`ıl, ol ha`mmenin` a`deti sonday dep oylaydı ha`m ayırım waqları senin` da`liylli sebebin` bolıp u`yde bolmay qalg`an jag`dayında, ol hayal sensiz sabır etedi. Eger sen ha`r aqsham hayalın` menen jatıwdı a`det etsen`, ol sen joq waqtında basqanı a`rman qılar onın` sabır etiwi qıyın bolar…

## III. Qabusnamada a`deplilik ma`selelerinin` ha`zirgi da`wir ushın a`hmiyeti

### 1. «Qabusnama» dag`ı ruwxıy-a`deplilik ma`selelerinin` tiykarg`ı bag`darları

«Qabusnama» joqarıda aytqanımızday, qırıq to`rt baptan ibarat. Kitaptın` mazmunı haqqında avtor bılay deydi: «A`y, perzent sag`an  zamannın` awır azabının`  qolı jetpesten aldın oyln» qulag`ı menen so`zimdi qabıl qılıp, onın` paydası tiyse, basqalar da menin` na`siyatıma qarap is qılıwdı maqul ko`redi, sebebi zaman sonday bolıp ketken hesh perzent atasının` na`siyatların qabıl qılmaydı, jigitler tu`sinbesten  g`a`plette qalıp,  o`zlerin bilimli esaplaydı ha`m o`z bilimlerin jası u`lken  qariyalardın`  bilimlerinen joqarı dep oylaydı. Men bunı bilsem de atalıq mehri meni tınısh qoymadı. Sonın` ushın bir qansha na`siyatlarımdı du`zdim ha`m bulardı qırıq bapqa jayladım, ha`r bir babında  bir qansha  pikirimdi  bayan qıldım

«Qabusnama» nın` birinshi, ekinshi, u`shinshi ha`m to`rtinshi bapları Orta a`sirlerde qabıl qılıng`an da`stu`rlerde Allanı, perishtelerdi, payg`ambarlardı madh etiwge bag`ıshlang`an. Sonın` ushın da bul baplar shoralar da`wirinde baspalardan alınıp taslang`an ha`m bu`gingi  ku`ndegi ko`pshilik baspalarda shıg`arılmag`an.

Shıg`armada aytılg`an ma`selelerdi u`sh u`lken bo`limge bo`liw mu`mkin:

1) Ba`rshe adamlar turmısta qollanılatug`ın a`dep-ikramlılıq, mu`na`sibet, qarım-qatnas ma`deniyatı ha`m ruwxıylıqqa baylanıslı temalar. Olarg`a: a) a`deplilik norması, tu`siniklerdi analizleytug`ın baplar, ma`selen, qanaat, na`psi, amanat, aqıl-parasat, ilim-bilimlilik, ta`rbiyalılıq, so`ylesiw, jaqsılıq qılıw ha`m tag`ı basqalar.

b) Adamlar arasındag`ı en` joqarı pa`ziyletlerge tiykarlang`an qatnas, mu`na`sibet ornatıwg`a baylanıslı  ha`m bul mu`na`sibetlerdi qanday qarar taptırıw haqqındag`ı temalar, ma`selen ata-anag`a mu`na`sibet, doslıq, miymandoslıq, ıshqı-muhabbat, u`yleniw haqqında;

v) ku`ndelikli turmısta qollanıw mu`mkin bolg`an na`siyatlardı ko`rsetetug`ın temalar, ma`selen hammamg`a barıw, saqal-murt, shashlardı ku`tiw, kiyiniw, uyqılaw ha`m dem alıw, sawda-satıq isleri menen shug`ıllanıw sıyaqlı.

2) Shıg`armanın` jazılıw da`wiri ha`m kimge bag`ıshlang`anınan kelip shıqqan temalar, yag`nıy ha`rbir hu`kimdar iyelewi kerek bolg`an mu`na`sibet a`debi, bilim, ko`nlikpe ha`m ta`jiriybeler jıyındısı haqqında, tiykarınan; shikarg`a shıg`ıw, urıs alıp barıw, jazalaw, wa`zirler ha`m saray a`meldarları menen qatnasta o`zin tutıw, patshalıq sha`rti ha`m a`debi, wa`zirlik sha`rti ha`m a`debi ha`m usı sıyaqlılar.

3) Ka`sip-ka`r, shınıg`ıw ta`rtip-qag`ıydaları haqqında, ma`selen, ilim-ta`liblik, muftilik, meditsina ilimi, nujum (juldızlar) ha`m handasa (geometriya), hapızlıq ha`m sazendelik, is ju`ritiw ha`m ka`tiblik, shovgon, shaxmat, nard oyınları haqqında.

A`lbette, «Qabusnama» da`wirindegi talaplar menen bu`gingi ku`nimizdegi qasib-ka`r menen shug`ıllanatug`ınlardın` ka`siplik a`debi talapları ha`m oyın qag`ıydaları ortasında u`lken parq bar. Biraq, shıg`armanı oqıp otırıp insan ta`biyatındag`ı bazı na`rselerdi zamanlar o`tse de a`hmiyeti (ma`selen, qumar oyınları) o`zgermesligin an`laysız ha`m Qayqawıstın` na`siyatlarınan u`lgi alasız.

Qanaat tu`sinigi ha`mme waqıtta da Shıg`ıs, sonday-aq Oraylıq Aziya oyshıllarının` dıqqat orayında bolıp kelgen. Qanaat xaqqında tu`sinik a`depliliq ha`ydise sıpatında adamlarda qızg`anısh, a`shko`zlik, ısırapkershilik, sıyaqlı keri pa`ziyletlerge, tuyg`ılarg`a qarsı turıw maqsetinde ju`zege kelgen. Qanaat haqqında a`psanalar ha`m ra`wiyatlar, naqıl-maqalar onın` ha`r dayımda dolzarb mashqalalrdan bolıp kelgenligin ko`rsetedi.

Ullı oyshıl ha`m ag`artıwshı alım A. Avloniy o`zinin` «Tu`rkiy gu`listan yoxud axloq» atlı miynetinde qanaatqa bılay tu`sinik beredi «Qanaat-dep Jaratqan ta`repinen inam eligen ahwalg`a jetiskenimizge, rısqı ha`m moyag`a shu`kir, basımızg`a kelgen paqır, mu`siybet, apatlarg`a shıdam, sabır qılmaqtı

aytadı. Qanaat ha`sedgo`ylik, ta`me, ekiju`zlilik, xorlıq sıyaqlı illetlerdin` dawası, na`psini tıya biliw.

A`lemde qanaat sıyaqlı qa`libdi pa`kleytug`ın na`rse joq. Jaratqannın` a`mirine boysınıw qanday baxıtlı bolsa, ta`qdirge qanaat ziyada baxtıyarılq. Ha`zireti Ali a`pendimiz: «Du`nyada sayjadali ila mayshat o`tkergen qanaat iyesi hesh kimge mu`ta`j bolmag`an zor baylar kibi ra`ha`tte, baxıtlı jasaydı»,- degen.

Aflotun ha`kimi: «İnsannın` baxtı qanaatın qolg`a tutmaqta, sarvoy ha`m mayshat tuwrısıdag`ı Jaratqannın` ta`qdirine razı bolmaqtadur»[1]-degen.

Ha`zireti Aliysher Nawayı o`zinin` «Mahbul ul-qulub» shıg`armasında qanaattın` pitpes baylıq ekenligin, onın` sonday bir biyik shoqqı eknligin, og`an shıqqan adam dushpang`a da, dosqada za`ru`rlik zezbeytug`ın, qanaattın` mashaqatlı, biraq ma`nzilge jetiwshi jol ekenligin, onın` ashshı, biraq la`zzetli sharap ekenligin ta`ripleydi.

Bul pikirlerge qosımsha qanaat «Qabusnama» da to`mendegishe bayanlanadı. «Aqıllı adamlar aytqanınday, ha`reket qılın`, abad bolasız, azg`a qanaat qılın`, dawletli bolasız, kemtarın bolın`, dostın`ız ko`p boladı».

Ko`p miynet penen tabılg`an dawletti biyparwalıq ha`m ta`kabbırlıq penen qoldan shıg`arıw aqıllı adamlardın` isi emes. Bar du`n`yan`a qanaat qıl, qanaat mol baylıq, sen qanday jag`dayda bolmag`ıl o`z rısqın`a iye bolasan`, shiyrin so`z yamasa xalıqtın` sha`pa`a`ti menen jaqsı bir is senin` qolın`a tu`sse onı jog`alıtıp qoyma, sebebi, du`n`ya malsız adamnın` qa`diri bolmaydı. Biraq xalayıq baydın` hesh kanday paydası tiymese de onı dos ko`rediler ha`m hesh za`reri tiymese de (bay) ka`mmag`allardı dushpan tutadı. Xalıqqa jarlılıqtan jaman jol joq…

Bir danıshpan aytıptı, ha`r qanday iste de ısırap qılmag`ıl, ısırp qılıwshı, ha`mme waqıt zıyan ko`redi. Lekin tirishilikti talq qılg`anday qattı da bolma. Turmıstın` za`ru`r isleri ushın baxıllıq qılmag`ıl. Janın`a ja`bir qılma, du`n`ya

[1] A. Avloniy. Turkiy guliston yoxud axloq.T. 1994, 22-bet.

ha`r qashan a`ziz bolsa da jannan a`ziyz emes. Alqıssa, ha`reket qılıp jıyg`an du`n`yan`dı orınlı-ornına sarp qıl.

Ko`rinip turıptı, qanaat ko`p qırlı tu`sinik bolıp, ol o`z isine insannın` awqatta, materiallıq baylıqlardan paydalang`anda o`zin tıya biliw qa`biletin, insannın` onın` na`psi ha`m ashko`zliginen ju`zege keletug`ın ha`r qıylı jaman ha`reketlerden, ha`rqıylı qolaysız islerden irkip qalatug`ın ruwxıy ku`shti de kamırap aladı. Kanaat insandı sheklew menen birge onı erkin kıladı. Yag`nıy onı o`zgelerge qaram bolıwdan, jalqawlıq ha`m ısırapkershilikten kelip shıg`ıwshı jarlılıqtan, ashko`zlik, da`mego`ylik, ekiju`zlilik ha`m qızg`anshaqlıqtan kelip shıg`ıtug`ın qa`lib jarlılıg`ınan azad etedi. Qanaat adamlarda miynetsu`yiwshilikti, mehir-mu`riwbetti, saqıylıqtı, qayır-saqawatlılıqtı qa`liplesedi.

Turg`unlik jılları bizin`, a`sirese Shıg`ıs xalıqlarının` tu`siniklerinen «amanat» so`zi sıg`ıp shıg`arldı. Bunın` na`tiyjesinde tapsırılg`an amantlar aman saqlanbadı, berilgen wa`deler orınlanbadı, adamlar arasında bir-birewge isenim jog`aldı. U`ylerdin`, du`kanlardın` esiklerine qulıp asıldı, temir pa`njereler ornatıldı. Amanat qoyılg`an na`rselerge qıyanat qılındı. Amanat o`z waqtında qaytarılmay, bunın` aqıbetinde amanat iyesi ha`m onı alg`an adamlar arasında aqıbet kalmadı. Amanat, diyanat, iyman degen tu`sinikler umıtıla basladı. Amanatqa baylanıslı «Qabusnama» da mınaday hiqaya aytılg`an: «… bir adam ertelp turıp, u`yinen shıqtı ha`m hammomg`a barmaqshı boldı. Ol bir qon`sısın da mira`t etip: - Yaxshı baraman, biraq hammamg`a tu`speymen. Sebebi basqa za`ru`r isim bar,- dep ayttı.

Olar birgelikte ketti. Jol ayırılg`an jerge barg`anda bolsa qon`sısına bildirmey, basqa joldan ketip qaldı. Jan`ag`ı adam dostım menen qalıp atırman dep hesh na`rseden xabarı joq, jolın dawam ete beredi. Bir urı onın` izinen tu`sti. Ol adamnın` qaltasında ju`z tillası bar edi. Hammamg`a jetip barg`an son`, ol jan`ag`ı urını qaran`g`ıda tanımay, dostım dep isenip, qaltasınan tillasın shıg`arıp: - Ey biradar, men hammamg`a tu`sip, juwınıp shıqqansha bul tillalar sende tursın, amanat. Hammamnan shıqqannan son` berersen`,- dedi.

Urı tillalardı alıp, usı jerde onın` shıg`ıwın ku`tip otırdı. Jan`ag`ı adam hammamnan shıg`ıp, kiyimlerin kiyip kete berdi. Urı onın` izinen shaqırıp: - Ey biradar kelip o`z tillaların`dı al. Bu`gin senin` amanatın`dı saqlayman dep, isimnen qaldım,- dedi. Ol adam bug`an qarap: - Sen o`zi kimsen`? Bul altınlar senin` qolın`a qanday qılıp tu`sip qaldı? –dep soraptı. Urı og`an juwap qaytarıp, bılay depti:

Men bir urıman. Bul tillalardı bolsa sen o`zin` mag`an «uslap tur» dep amanat tapsırdın`.

Kisi: - Eger sen urı bolsan`, ne sebepten bul tillalardı alıp ketpedin`?-dep hayran bolıptı. Bug`an urı bılay dep juwap beripti: - Eger mın` tilla bolg`anda da oylap otırmastan alıp keteberer edim. Biraq sen bul tillalardı mag`an amanatqa tapsırdın`. Amanatqa qıyanet qılıw bolsa ma`rttin` isi emes».

Mine usılay etip amanat alıp, onı iyesine qaytarıw an`sat is emes. Eger amanattı iyesine tu`wel kaytaralmasan`, el arasında «qıyanetshi» degen at alasan`. Sonnan keyiin hesh kim sag`an isenbey qaladı.

Eger sen bir kimsege amanatın`dı bergin` kelse, bir gu`wa aldında bergil, keyin kelispewshilik bolıp qalsa, artıqsha ga`p-so`zden qutılasan`.

Amanatqa qıyanet qılmag`ıl, eger tuwrı so`zli, haq kewil bolsan`, o`zin`nin` bul qa`siyetlerin` artında abıray tabasan`. Birewlerdi aldasan` awır gu`na dep bil»

Qayqawıs ulına adam so`zinde, ha`reketlerinde kemtar bolıwdı na`siyat qıladı. Adam o`zin basqalardan artıq dep bilmesligi, o`zin aqıllı, o`zgelerdi aqılsız dep tu`sinbewi, ha`r qanday jaqsı isti o`zine ılayıq ha`m o`zgelerge ılayıq emes dep esaplamaw kerek. Egerde, joqarıda aytılg`anlarg`a jol qoysa, demek, bul menmenlik boladı. Menmen adamlar o`z kemshiliklerin ko`rmeydi, ko`rse de onı kemshilik dep esapqa almaydı yaki ta`n alg`ısı kelmeydi. Basqalardın` kemshiligin ko`rip qalsa, shawqım ko`teriwge urınadı. «Ha`r qanday dana bolsan` da o`zin`di nadan tutqıl, sag`an ilim-o`ner u`reniw esigi ashıq bolsın. Eger so`zdi ha`m ilimdi jaqsı bilsen` de, hesh bir so`zdi buzba, tuwrı ta`riyple. So`zdi bir tu`rde so`yle, a`meldarlar menen a`meldarlarday, a`piwayı adamlar

menen a`piwayı adamlarday so`yles, (bunday waqıtta da) danıshpanlıq shegarasınan shıqpa, senin` so`zin`di esitken kisige awır tu`iylmesin, (eger sonday bolmasa) senin` so`zin`di hu`jjet ha`m da`dil menen de esitpeydi olardın` razılıg`ına qarap so`yle salamat qılasan`.

«Ey, perzent, jalg`an ha`m kereksiz so`z aytpag`ıl, kereksiz so`z diywanalardın` so`zidur. Kimgedur so`ylemekshi bolsan`, qaran`, ol senin` so`zin`nin` qariydarı ma yaki joqpa. Eger tın`lawshı senin` so`zin`e qariydar bolsa, o`zin`di satqıl (eger bul so`zin`di qariydar qa`lemese) ol so`zdi qoyıp estiwshige jag`atug`ın so`zdi so`yle, ol senin` so`zin`e qariydar bolsın. Lekin, adamlar arasında o`zin`di adamlarday tut, insang`a insanday mu`na`sibette bol. Ha`r kisi uyqıdan bedor bola, xalayıq penen qanday jasawdı men bayan qıldım. Ey perzent, so`z estiwden qashpa, adam so`z esitiw menen natıq bolmaydı. Bunı bılay sıpatlaw mu`mkin: Anadan tuwılg`an bir balag`a jer astınan bir jay qılıp, su`t berip usı jerde basqa, anası menen ta`rbiyashısı og`an so`ylemese, ol bala bir adamnın` so`zin esitpese, u`lkeygende ol saqaw boladı. Waqıt o`tiwi menen so`z esitse, u`yrense, so`zge natıq boladı. Basqa bir mısal: Kim anadan geren` tuwılsa, saqaw boladı. Ko`rmeysen` be, ha`mme saqawlar geren` boladı ha`m tiykarınan danıshpanlardın` so`zlerine qulaq sal. Danıshpanlar aytqanlar; Danıshpanlardın` na`siyatları kewil ko`zin rawshan etedi, sebebi bul na`siyat danıshpanlıq ko`zinin` su`rmesi ha`m totıyasıdur. Demek, bul taypanın` so`zin eki qulaq penen esitiw kerek, bul ja`ma`a`nin` so`zinde ma`nfaat ko`pdur. «Qabusnama» da hu`rmet-bilimnin` a`hmiyeti o`z aldına aytıladı. Shıg`armada bayan qılıng`an qaraslar futuvva xalqı ruwxıylıg`ı menen baylanıslı jarıtıladı. Futuvva ruwxıylıg`ın o`zlestirgen adam a`melde jaratıwshı ha`m ruwqıyatta da`rwishdir. Onın` a`deplilik ta`repten sıpatı- ma`rtlik, yag`ınıy saqawatlılıq, joqarı pa`ziyletlilik, kemtarlıq, tuwrıso`zlik, ma`rtlik kibi qa`siyetlerdin` o`z-ara baylanısta bolıwı. «Bul topar miynet penen tapqan nanın baylıq dep bilgey», dep jazadı Unsuralmaoliy Qayqawıs. A`liysher Nawayının` «Nasoyimul-muhabbat min shamoimul-futuvvat» miynetinde tilge alıng`an mashayıq ha`m a`wliyenin` turmıs ta`rizindegi tiykarg`ı qa`siyetlerden a`wel olardın` ha`r biri bir ka`sip

penen ba`nt bolıp hadal miynet esabınan xojalıq tebiretiwleridur: Abu Sayd Xarror-etikshi, Muhammad Sakkokiy-pıshaqshı, Abu Nafz Haddod-temirshi, Abulabbos Omiliy-qassap, İbrahim Ojiriy- gerbish quyıwshı, ja`ne birewleri ju`k tasıwshı, basqaları ag`ash ustası, hesh bolmasa otın tasıwshı tag`ı basqa.

O`nerdin` eki tu`ri bar: Birinshisi ja`miyet ushın za`ru`r asheni jaratıwda bolsa, ekinshi bazarda jasag`an buyımın pullawda ko`rinedi. Eger ka`siptin` jaratıwshılıg`ı tek materiallıq za`ru`rligin qandırıw ushın za`ru`rligin ijro etilse ha`m o`z insanlıq a`hmiyetin, binobarin, Haqtı an`lap jetpegen bolsa, onı bazar payda izlewge u`yretedi. Alıp satarlıqqa, o`zgelerdin` sadalıg`ı ha`m hadallıg`ınan paydalanıp imkan barınsha o`z oshag`ına ku`l tartıwg`a a`detlentiredi. Negizgi bazar qatnasıqları hu`kmranlıg`ı o`zi de insaniyattın` kamalatqa qaray umtılıwında bir basqısh, ja`miyetti sho`lkemlestiriwde a`skeriy ha`m siyasiy zorlıq isletiw usılınan ekonomikalıq qatnaslar jolın o`tiw. Bazar ha`r bir insandı tırısqaqlıqka, pursattı biykarg`a o`tkizbewge u`yretedi. Biraq eger ja`miyettegi tu`rli taypalar o`zligin an`lap jetpegen bolsa, bazar korshalonlarining tanho hu`kimranlag`ı insaniyattı jaman niyetten qutqarmaydı, ta`biyattı bolsa apatshılıqqa alıp keliwi mu`mkin. Bunı umıtpawımız kerek. Usı ta`repten qarag`anda, ata-babalarımız bizge qaldırg`an teberik miyras - futuvva turg`ınları - jaratıwshılıq miynetin ruwxıy kamalat penen uyg`ınlastırıp, insan ta`biyatında materiallıq ha`m ruwxıy ta`repler sımbatın ta`miynlewge qaratılg`anlıg`ı menen ibratqa sazawar.

«Bilgil, ma`rtlik sonday adamg`a ılayıq, onın` bir qansha o`neri bolsın. Bul o`nerlerden biri ku`shli, ma`rt, sabır-taqaatlı, wa`dege opa qılıw, haq kewil, rasgo`y bolıw. Ja`ne biri o`z ma`pin go`zlep, qullarg`a azab bermeslik kerek, olardı qollap-quwatlaw, g`a`riplerge ja`rdem beriw, jamanlardın` jamanlıg`ınan jaqsılardı qorg`aw, tuwrı so`ylew ha`m a`dil bolıw, jaqsıg`a jamanlıq qılmaslıq ha`m zıyan jetpeslik. Bularg`a dıqqat qılsan`, bulardın` ha`mmesi u`sh sıpat penen baylanıslı.

Eger ma`rtlik jolında ju`riwdi istesen`, ha`mme waqıt u`sh na`rseden saqlang`ıl: ko`zdi jaman na`zerden, qoldı jaman isten, tildi jaman so`zden. U`sh

na`rseni dos ha`m dushpang`a ashıq tut: u`y esigin, da`sturxan basın ha`m karmannın` bag`ımın.

Hesh jalg`an so`yleme, na`ma`rt jalg`an so`yleydi. Eger ha`r kisi senin` ma`rdligin`di itiqod qilsa, eger ol a`ziz kisin` bolsada, sag`an o`zin ta`slim qılar ha`m ba`rshe xalıqtın` aldında senin` ma`rtligin`di aytar, janın` barınsha ha`reket qılıp, ma`rtlikti iyele ha`m ja`ne ha`rgiz o`tken is tiykarında o`sh alma, qıyanet qılıwdı oylama, sebebi qıyanet qılıw ma`rttin` isi emes.

Bilgil, ma`rtlik sonday boladı, ol o`z malın o`ziniki, basqanın` malın basqanıki dep biledi. Xalıq malınan da`me etpe. O`z qolın` menen qoymag`an na`rseni alma. Xalıqqa jaqsılıq qıla almasan` jamanlıq ta qılma.

Bilimdi u`yreniw ushın miynet qılıw, o`zin`di jalqawlıqtan qutqarıw paydalı, sebebi isjaqpaslıq denenin` buzılıwına, kesellikke alıp keledi. Eger miynet etip deneni o`zin`e boysındırmasan` saw-salamat ha`m joqarı ma`rtebeli de bola almaysan`.

İlimge talapshan` bolsan`, itatlı, qanaatlı bolg`ıl, ilimdi dos dep, biykar o`tken ku`nin`di dushpan dep bil. Sabırlı, shıdamlı bol. A`depsiz bolma, kesh jatıp, erte tur, kitapqa da sabaqqa da, waqıt ajırat.

## 2. Qabusnama ma`nawiyatlı mu`na`sibet g`a`ziynesi

«Qabusnama» da shıg`ıs a`debinde ata-anag`a mu`na`sibette talap qılınatug`ın mezon ha`m qag`ıydalar o`z ko`rinis tapqan. «Sen ata-anan` haqqında diniy ko`z qarasta rioya qilmasan` hayma mu`riwbet nuqtay nazardan rioya qil, ko`rgil, ata-ana seni jan kewli menen ta`rbiya qıladı, eger sen olarg`a qa`te is qılsan`, sen jaqsılıqqa ılayıq emessen`, sbebi ha`r bir insan ata-anasının` jaqsılıg`ın bilmese, birewdin` jaqsılıg`ına baha bere almaydı ha`m o`z perzentlerin`nin` sag`an hu`rmet qılıwın istesen`, sen de ata-anan`dı hu`rmet qıl, sebebi sen ata-anan` haqqında ne is qılsan`, perzentin` de sag`an sonday is qıladı.

Adam miywege, ata-ana daraqqa usaydı. Daraqqa jaqsı a`lpeshlep qarasan`, miywesi jaqsı ha`m mazalı boladı, sonday-aq, ata-ananın` izzet ha`m hu`rmetin ko`birek qılsan`, sen haqqında olardın` duwası tezirek qabıl boladı».

Miyras alıw ashko`zligi menen ata-ananın` o`limin tileme. Olardın` rısqı arqalı rilqqa iye bolasan`, ırısqı bo`listiriw, ku`ndelikli tirishilik dep o`zin`di azabqa qoyma, birewdin` rısqısın alaman dep ha`reket qılma… Sennen halı jaqsıraq adamg`a qızg`anshaqlıq peneni qarama.

Qansha jarlı bosan` da, aqıldan bay bolıwg`a ha`reket qıl. Sebi du`n`ya, baylıq penen bay bolg`annan, aqılın` menen bay bolg`an jaqsı. Aqıl menen du`n`ya toplasa boladı, biraq du`n`ya menen aqıl toplap bolmaydı. Aqıl sonday qımbat bahalı na`rse, onı urı alıp kete almaydı, otta janbaydı, suwg`a batpaydı.

Ata-anag`a boysınıw menen birge, olarg`a shın kewilden iseniw ha`m ba`rshe tarawlardı sırlasım dep biliw kerek. Sebebi, balalarg`a qarag`anda ata-ana ko`pti ko`rgen, aqıl ha`m ta`jiriybeli ha`m jaqsı-jaman joldı bilgen boladı. Sonın` ushın ata-ana balalrg`a tuwrı joldı ko`rsetip, na`siyat ha`m ma`sla`ha`tler beriwi, balalar bolsa onı tın`lawı kerek.

Ata-ananın` so`zlerine isenbegen, olardan o`zlerin aqıllı ha`m isbilermen dep esaplag`an balalar ko`p g`ana qıyınshılıqlar ha`m ha`r qıylı apatlarg`a ushıraydı. Sebebi, isenimsizlik adamda aldaw ha`m o`tirik so`ylewdi payda

etedi, o`tirik so`ylew bolsa barlıq jamanlıqtı keltirip shıg`aradı. Birewge o`tirik so`ylew en` ullı ayıp bolıw menen birge, ata-ananı aldaw bolsa en` jaman a`det. Ata-ananı g`a`plette qaldırıw, ha`r bir istin`nen de haqıyqattan xabarsız qaldırıw, ata-ana ushın bunnan o`ter azap joq. Balalar qıyın ahwalg`a dus kelgende ata-anaların bunnan xabardar qılsa, ata-ana o`zinin` aqılı, ta`jiriybesi menen bul qıyın jag`daydan shıg`ıw jolın ko`rsetip beredi.

Sebebi ha`r bir perzent o`z ata-anasına o`z ahwalınan, qılıp atırg`an islerden xabardar qılıw menen birge olardın` na`siyatlarına qulaq salıwı ha`m a`mel kılıwı za`ru`r. Olardın` jaqsı islerinen u`lgi alıp, ta`rbiyalarınan turmısta paydalanıwı kerek.

Balalar turmısta u`lkeyer eken olardın` ta`g`dirinde eki na`rse boladı: Yaki baxıtlı boladı, yaki jaman jolg`a kirip baxıtsız bolıp qaladı.

Balalar qanday qılıp baxıtlı boladı?! Eger o`z atasının` g`a`rezsiz shın kewildan mehribanlıq qılıp aytqın so`zlerine qulaq salmasa, bergen ma`sla`ha`tlerine kulaq salmasa, basqalardın` na`siyatların tın`lamasa, bara-bara joldan adasadı, aqır-aqıbet baxıtsız bolıp qaladı. Baxıtsız balalar u`lkeygennen keyin o`z baxıtsızlıqlarına o`zlerin ayıplı dep esapqa almay, ata-anaların ayıplap, baxıtsızlıg`ının` sebepshisi dep olardı ko`setedi.

Ata-ana, tuwısqan-tuwg`anda hu`rmet etiw tek jasılıg`ımızda yamasa bay-da`wlelilik da`wirlerinde emes, ba`lki o`miri dawamında ku`shimiz tawsılg`ansha. U`lkenlerdin` o`z-ara baylanıslı mu`na`sibetleri basqalarg`a u`lken ta`sir etedi ha`m jaslar bul mu`na`sibetlerden u`lgi aladı.

Biz ata-anamızdın` qasında birge jasap atırg`anımızda olardı ba`rhama kewlin ko`teriwimiz, olarg`a ko`rsetiletug`ın izzet-hu`rmetti o`z ornına qoyıw, ba`rhama hal-ahwalın sorap turıw kerek. U`ylengennen keyin ha`m basqa jerden ha`wli alıp shıg`ıp ketkennen keyin bolsa tez-tez olarg`a barıp turıwımız, duwaların, pa`tiyasın alıp turıwımız kerek. Eger bizdin` ilimimiz ha`m ka`sibimiz ata-anamızdan joqarı bolsa, biz bunnan hesh qashan maqtanbaslıg`ımız insaniy pa`ziyletlerden esaplanadı. Ata-ana aldında a`mel ha`m ka`sip penen maqtanıp keriliwden go`re ilimsiz bolg`an abzalıraq.

Ata-ana tiriliginde olardın` kewliin ko`terip, quwantıw, o`lgennen keyin bolsa tiriligindegi aytqan na`siyatlarına a`mel qılıw, olardın` jaqsı ta`replerin oylap yadqa alıw, sadıq ha`m opadar perzentlerdin` en` jaqsı a`detlerinen bolıp esaplanadı. Sonı aytıw kerek, ata-anadan sırtta jaqsılıq qolın sozg`an adamlardın` da izzetin ornına qoyıw kerek.

Danalar aytadı, «İlimsiz adam-jahl, o`nersiz adam-jalqaw, dostı joq adam-baqıldur». Dostın`ızdı bahalay bilin`, dos-dosqa ayna. Eger onı razı bolsın desen`en`iz, erisken jetiskenliklerine quwanıp, qollap-quwatlan, qıyın ku`nlerde qasında bolın`, ma`sla`hatlesip ma`detker bolın`. Dos jılatıp, dushpan ku`ldirip aytadı. Jalg`ız qalg`anın`da onın` menen sırlas, pikirlerin`di ashıq bayan qıl. Eger oyların`ız, maqsetlerin`iz bir jerden shıg`ıp, oy-pikirlerin`iz tuwrı kelip, ha`r qanday istin` a`melge asıwına paydası tiyse, onda doslıq ja`ne de bekkemlenedi, bir-birewge ıqlas «Dostın`nan tap», - degen ga`pte usınnan qalg`an bolsa kerek. Dostım dep ha`mme ga`pti ayta beriwde aqılg`a muwapıq emes. «Sırın`dı aytpa dostın`a, dostın`nın` da dostı ba, aytar dostına» degen ga`pti umıtpag`an maqul.

Doslıq baylıq penen o`lshenbeydi, onın` o`zi biybaha g`a`ziyne. Sır saqlaw qa`biletine itibar beretug`ın bolıwı kerek. Eger dos dep tan`lag`anın` senin` sırın`dı saqlay alsa haqıyqıy dos. Danalar aytadı, «Sır saqlaw til astına shoq alıp juriwden de mashaqatlı» Bul haqqında Berdaq shayır bılay dep jazadı:

«Dostın`nın` sırın dushpanga aytpa,
El buzıwshı boladursan`»

Bunnan ko`rinip tur, awzına ku`shi jetpegen, sırdı saqlay almay dus kelgen adamg`a ayta beretug`ın adamlar menen dos bolıw qa`telikke alıp keledi.

Sonın` ushın dosların`nın` isi tuwrısında oyla, olarg`a sawg`alar jiber ha`m mu`riwbet ko`rset, sebebi ha`r kim o`z dostın este tutpasa, dosları da onı este tutpaydı. Aqır-aqıbetinde ol adam dossız qaladı.

Ha`miyshe dos tutıwdı a`det et, sebebi dostı ko`p adamnın` kemshilikleri de bilinbeydi. Jaqsı sıpatları ko`beyedi. Biraq jan`a dos tapqanda, eski dostın`nan keshpe, olardan ju`zin`di burma. Sonda ha`mme waqıt dostın` ko`p

boladı. Mısalı, jaqsı dos insang`a u`lken da`wlet delingen. Sonın` menen birgelikte dosların` haqkında oylap ko`r: birew yarım boladı, ondaylar menen jaqsı mu`nasibette bol, olar menen ha`r qıylı jaqsı ha`m jaman ma`selelerde de doslas, sonın` ushın olar sennen qanshalıq ko`p jaqsılıq ko`rse, senin` menen pu`tkilley dos bolıp qalıwı mu`mkin.

Ma`selen, İskenderden: «Az g`ana ku`sh penen sonshelli ko`p ma`mleketti qanday qılıp o`zin`e boysındırdın`» - dep soraptı. Sonda İskender: «Jaqsı so`z, jaqsı mu`na`sibet penen dushpanlardı o`zime qarattım, doslardı jolg`a saldım, sol sebepli de ko`p ma`mleketlerge iye boldım» - degen eken.

Bilgil, dosların`nın` dosları da senin` dosların`. Onın` usı adamg`a dostın` dushpanın`dı jaqsı ko`rse, onday dostan abaylı bol, eger senin` dostın`a basqa bir dostın` dushpan bolsa, onnan da abaylı bol. Eger dos sennen sebepsiz o`kpelese, onın` doslıg`ınan u`mitlenbe, du`n`yada bunnan ayıplıraq, bunnan jamanıraq adam bolmaydı. Bunday adamlardı mal-du`n`ya dostın` qatarına qoy, jan dostın` qatarına qoyma. Sebebi, olar ar-namıs dostı emes, mal-du`n`ya dosları bolıp esaplanadı.

Jaqsı menen jaman arasındag`ı parqtı bil. Ekewine de doslıq qıl, jaqsılarg`a shın kewilden, jamanlarg`a til ushında. Sonın` menen bunday taypadag`ı adamlar da sag`an doslıq mu`na`sibette boladı, sebebi, adamnın` ja`rdemi tek dosqa g`ana tu`speydi. Adamnın` jamanlarg`a da isi tu`sip qalıwı mu`mkin. Sen usı eki taypa adamlardın` da doslıg`ın o`zin`e qaratıp al.

Aqılsız adamlar menen dos bolmag`ıl, aqılsız dos sonday bir is qıladı, onı ha`tte aqıllı dushpan da qıla almaydı. Ma`rd, bawrıken`, miriwbetli, ilimli, opalı adamlar menen dos bolg`ıl, sen o`zin`nin miriwbetin`, mehir-sha`pa`a`tin`, ilimin` menen tanılasan`. Miriwbetsiz, mehir-aqıbetsiz, ilimsiz adamlar menen sa`wbetles bolma, onday adamlar menen sa`wbetles bolg`annan go`re jalg`ız otırg`an abzıl. Esaplı dos ayırılmas.

Adamlardı eki taypag`a ajıratadı. Birinshisi - doslardın` haqın paydasız sarıplıwshılar, ekinshisi – jaqsılıqtı jaqsı qabıl qılıwshılar. Bilgil, dos bolıwg`a ılayıq adamda eki na`rseden biliw mu`mkin: Birinshi – dos basına mu`shkil is

tu`sken waqıtta, du`n`ya maldı ayamaydı. Yamasa ka`mbag`allıq paytında onnan ju`zin burmaydı, dostı bul du`n`yadan o`tkennen keyin dostının` balaların, ag`ayinlerin shaqırıp alıp, olarg`a jaqsılıq qılıp ha`m dostının` qa`birine barıp, ziyarat qılıp, dostına duwalar oqıydı.

Dostın` senin` dushpanın` menen dushpan bolmasa, onı dos deme. Dostın`a dos waqtında bir na`rse u`yretpe, sebebi waqtı kelib dostın` sag`an dushpan bolıp qalsa, u`yretkenin` o`zin`e qaytadı. Keyin pushayman bolasan`, ka`mbag`al bolsan`, bay-da`wletli adam menen doslaspa, sebebi ka`mbag`aldı hesh kim dos tutpaydı, a`sirese du`n`ya malı ko`pler jaman ko`redi. O`zin`e mu`nasip dos izle, eger sen bay-da`wletli bolsan`, ka`mbag`aldı dos tutsan` tuwrı keledi. Biraq xalıqtın` doslıg`ın`dı kewlin`nen shıg`arma, sonda ba`rshe islerin` rawaj boladı. Eger dostın`nın` kewli hesh sebepsiz sennen qalsa, onın` kewlin qaytadan alıwg`a ha`reket etpe, ta`mego`y, gu`nalı, qızg`anshaq dostan uzaq bolg`ıl. Onın` doslıg`ı haqıyqıy emes. Miymandoslıq xalqımızdın` kanan-qang`a sin`ip ketken a`detlerden biri. U`ydin` to`ri, nannın` ıssısı ha`miyshe miymandiki. Eger sen sonday qılmasan`, adamıylıq qa`siyetlerin` qayda qaldı?

Miymansız u`y – kewilsiz tan. Sonın` ushın miyman kelse, quwanadı, tapsa malın soyadı qon`sı-qobanı da shaqırıp, olardın` da kewlin aladı. U`y iyesi-kelinshek tapqan-tergenin miymang`a qoyadı. Sebebi «miyman az otırıp, ko`p sınaydı».

Usı u`ydin` jaqsısın da, jamanın da aytıp bahalaydı. Miyman – u`ydin` aynası. Sonın` ushın da onın` kewlin alıw ju`da` a`hmiyetli is. Bizin` xalqımızda «Miyman ku`tpey jigittin` atı shıqpas» degen so`z bar. Bul miymandoslıq a`debi «Qabusnama»da da orın alg`an.

Ey, perzent, bilgil ha`r ku`ni u`yin`de biytanıs adamlardı miyman qılma, sebebi ha`r ku`ni miyman shaqırsan`, miymang`a arzıg`ılıq xizmet qıla almaysan`, kewlin` ha`r ayda neshe ma`rte miyman shaqırg`ısı kelgenin anıqla. Eger u`sh ma`rte miyman shaqırg`ın` kelse, u`sh ma`rte sarplamaqshı bolg`an qa`rejetin`di bir miymang`a sarıpla. A`ne sonda da`sturxan tolı boladı, artıqsha ga`p so`zlerden uzaq bolasan`. Miymanlar u`yin`e kelse, sen ha`mme waqıt o`z

dosların` menen olardın` aldınan shıq. Jaqsı so`z benen ku`tip al. Sonda olar sag`an minnetdarshılıq bildiredi. Eger awqat pisse, awqattan aldın miywe keltir su`yinip jesin. Biraq sabır qıl. Onnan keyin barlıq adamlar da`stu`rxan a`tirapına otırsın, sen otırma miymanlar ba`rshesi birgelikte awqatansın, miymanlar bir-eki ma`rte aytpag`ansha sen otırma, miymanlar bizler razımız, dese, mag`an qaraman`lar, men sizlerge xızmet qılaman, dep ayt. Eger ja`ne ta`kirar aytsa, onnan keiyin otır. «Ey, pa`lenshe, awqattan jen`, hesh jemedin`iz, men sizge hesh na`rse qıla almadım, quda qa`lese keyingi kelgenin`izde bunın` kemshiligin toltıraman»-dep ha`rgiz aytpa. Bul so`zler ullılardın, abıraylı adamlardın` ga`pi emes, ba`lki ta`rbiya ko`rmegen adamlardın` ga`pi. Bunday so`zlerden miyman qolaysızlanadı, awqat jemeydi, ornınan turıp ketedi. Bizin` Gilanda jaqsı a`det bar, miyman shaqırsa, da`stu`rxandı ashıp, awqatlardı a`kelip qoyadı ha`mme gu`zelerge suw quyıp, da`sturxan shetine qoyadı ha`m ba`rshe miymanlardı da`stu`rxang`a mirat etip, o`zleri shıg`ıp ketedi. Miyman tag`amdı qa`legenshe jeydi, onnan keyin u`y iyesi otırıwg`a keledi. Arab xalqında da sonday dastu`r bar. Miymanlar awqatlanıp bolg`an son`, qol juwg`annan keyin a`tir ha`m gu`lab keltirip qoy, ziyapatttı xosh iyisli qılsın. Xızmetshiler ha`m hızmetkerlerge jaqsı hu`rmette bol. Sebebi jaqsı atın`dı solar shıg`arıdı. Ziyapatda mazalı zatlardı ko`p etip qoy, xosh hawaz qosıqshılardı ha`m sazendelerdi shaqır, sharap ta tayarlap qoy, sebebi miymanlar awqatlanıp, son` sharap iship, qosıq, nama tın`lap kewlin ko`teredi.

Demek, ey perzert, miymang`a minnet etpe, ashıq ju`zlilik penen so`yle. Kim senin` miymanın` bolsa, ashıq ju`z benen awqatlansın, biraq o`zin` az ish miymannan aldın ma`s bolıp qalma, ashıq ju`zli bolıp ku`lip ju`r. Biraq biykardan biykarg`a ku`lme, ko`p ku`liw jilliliktin` bir tu`ri, az ku`liw siyasat. Miymanlar ma`s bolıp qalg`annan keyin ketkisi kelip ornının tursa, bir-eki ma`rte otırın`lar, dep mirat salıp, son`ınan ruxsat ber. Eger xızmetkerin` bir qa`te islese, miymannın` aldında qabag`ın`dı u`yip olarg`a baqırma. Eger miyman sag`an bir ashshı ga`p aytsa, sen qattı so`z aytpa, hu`rmetin`di saqla.

Demek, ey perzent, ha`r kimnin` miymanı bolıp bara berme, sebebi ol abırayın`dı to`gedi. Eger bir jerge miyman bolıp barsan`, ash bolıp barma, ju`da` toyıp ta barma.  Awqat jemey otırsan` u`y iyesi qıylanadı. Eger awqattı ko`p jesen` ba`rshenin` ko`zine jaman ko`rinesen`. Miyman bolıp barsan`, eger en` jaqın dostın`nın` u`yi bolsa da o`zin`e ılayıq jerde otır, awqat ha`m sharap u`stinde birewge buyrıq berme, yag`nıy mezbannın`  xızmetlerine «ey, pa`lenshe, bul jer menin` de u`yim, awqattı bul jerge qoy, basqalardın` awqatına qol urma» - deme. O`z xızmetshilerin`e bir bo`lek te nan alıp berme. Miyman bolıp barg`an u`yin`nen bir na`rse alıp ketiw uyat sanaladı.

## Juwmaqlaw

O`zbekstan o`z g`a`rezsizligine erisken son` ja`miyet turmısın abadanlastırıw ha`m rawajlandırıw, insan o`mirine u`lken itibar beriw, ma`mleketimiz aldına qoyg`an en` tiykarg`ı wazıypalardan biri sıpatında ku`n ta`rtibine qoylıwı ha`m o`tkendegilerdin` ko`p a`sirlik sabaqları, ja`miyet aldında ko`ldenen` turg`an jan`a wazıypalardı sheshiwge tuwrı jol menen barıwdın` ko`rinisi bolıp esaplanadı.

Tariyxqa na`zer taslasaq, ullı shaxslardın` xızmeti sheber sho`lkemlestiriwshilik, teren` bilimlilik penen g`ana emes, ba`lki olardın` a`depliligi de joqarı ma`nis-mazmung`a iye. A`debpilik basqalardı g`ana emes, o`zin`de hu`rmet qılıw degeni. A`sirese bizin` milliy da`stu`rlerimizde insannın` ka`milligi, da`slep, onın` joqrı a`debinin`, ata-babalar miyrasın teren` u`yrenip, onı bayıtıw, jası u`lken, jası kishige hu`rmet ko`rsetiw ha`reketlerinde ko`zge ko`rinedi.

Ullı babamız Abu Nasr Farabiy ibarası menen aytqanda. «xalqı xosh qılıqqa iye bolmag`an ma`mleketlerde ha`kimyatqa ea`ru`rlik seziledi». Demek, ja`miyettin` demokratiyalasıwı, insan erki ha`m huqıqlarının` tolıq ta`min etiliwi, en` da`slep, ma`mleket turg`ınlarının` minez-qulqı, ma`deniy-a`deplilik ha`m ruwxıy kamalatına baylanıslı eken. Eger xalıq o`z huqıqı normalarında a`mel qılınıp atırg`an nızamlarg`a boysınıp jasawdı turmıs ta`rizine aylandırsa, o`z ha`reketlerin ma`lim nızamlar barısında tu`sire alsa, joqarı aqıl, a`dep-ikramlılıq kategoriyaların turmıstın` ha`r bir minutında qadag`alap barsa g`ana ja`miyettin` ruwxıy ko`rinisi ba`rkamal boladı.

Magistrlik jumısımızda izertlengen Qayqawstın` «Qabusnama» shıg`arması insannın` ruwxıy ta`rbiyası ma`selelerin na`zerde tutadı. Shıg`armanın` tiykarg`ı o`zegi alımnın` o`z ulına ha`m ol arqalı barlıq jaslarg`a a`dep-ikramlıq, adamlar ja`miyetinde mu`na`sibet qag`ıydaların u`yretiw bolıp esaplanadı. «Ta`rbiyalı adam du`n`yanın` ko`rki» - Qayqawıs shıg`armasının` tiykarg`ı ideyası mine

usı. «Qabusnama» adamlardı eki ayaqlı haywan ma`nisinde emes, ba`lki insan bolıp jasawg`a ta`rbiyalaydı.

Sonday qılıp, Shıg`ıs a`debiy du`rdanalarınan biri bolg`an «Qabusnama» da aytılg`an na`siyat so`zler jaslardı insanpa`rwarlıqqa, mehir-miriwbetke, jaqsılıqqa, ilim-bilim u`yreniwge, ka`sip-o`ner iyelewge ta`rbiyalap kelgen. Ata-anag`a, dos-yaranlarına, jaqınlarına mehir-miriwbetli, iyman-insaplı, diyanatlı xalıq ha`m Watanın ma`pin qorg`aydı. Ka`mil insandı ta`rbiyalaw ma`mleketimiz siyasatının` baslı bag`darlarının` birine aylanıp bu`gingi ku`nde «Qabusnama» u`gitleri ka`millik qırların ashıp beretug`ın ibratlardın` biri bolıp tabıladı. Pikirimiz son`ında Unsuralmali Qayqawstın` o`z shıg`arması haqqındag`ı ibaralardı keltirmekshimiz: «Ha`r bir adam bul kitaptı oqır ha`m tu`siner, sebebi menin` ha`r bir so`zim baxıt belgisidur».

## Paydalanılg`an a`debiyatlar


1. Karimov İ.A. Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch. T., Ma`naviyat, 2008

2. Bozorboev J., Davlatova Q. Odobnoma. Nukus., «Bilim» 1994

3. Bazarbaev J. Ruwxıyatımız marjanları. No`kis «Bilim» 2008

4. Bazarbaev J. Milliy ideya jol ko`rsetiwshi juldız. N. Qaraqalpaqstan., 2011

5. Boynazarov F. Jahon adabiyoti. T., Musiqa , 2006

6. Mambetov K. Shıg`ıs a`debiyatı tariyxı. No`kis «Bilim»., 1993

7. Qabusnoma. Qalila ha`m Dimna. No`kis, Qaraqalpakstan, 1991

8. Odob bwstoni va axloq gwlistoni. T., Fan, 1994

9. G`oyaviy himoya. T., 2008

10. Ruwxıylıq tiykarları. No`kis, Qaraqalpakstan, 2009

11. Jamiyatni isloh qilish ywlida. T. Sharq., 1998

12. Yuksak ma`naviyat-barkamol avlod asosi. (İ.A.Karimovning «Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch» nomli asari bwyicha respublika ilmiy-amaliy konferentsiya materiallari) Nukus., Qoraqalpog`iston., 2010

13. Ma`naviy yuksalish ywlida. T. Ma`naviyat, 2008

14. A`l-Frabiy. A`leumettik-etikalıq traktattar. Almatı, G`ılım, 1975

15. Makkamov U. Axloq-odob saboqlari. T.Fan., 1994

16. Vatan tuyg`isi. T.Wzbekiston. 1996

17. Sharifxojaev, Z.Dvvranov. Ma`naviyat asoslari. 2005